

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Menak Jaminambar

## III

R. Ng. Yasadipura I

Direktorat  
Pendidikan dan Kebudayaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan



VAK

10

## MENAK JAMINAMBAR

III

BENTANGAN MEGAHAN	
SUKA	MEGAHAN
JAWA	
DPK	276/187
276	16-7-87
87	ms

PPS/Jw/14/82

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan

# MENAK JAMINAMBAR III

Alih Aksara  
**Drs. SUDIBJO Z. HADISUTJIPTO**

PERPUSTAKAAN  
DIREKTORAT KESENIAN

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA  
INDONESIA DAN DAERAH  
Jakarta, 1983

Diterbitkan oleh  
Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah

Hak pengarang dilindungi undang-undang

## KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuananya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1983

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah

## Isinipun

kaca:

33. Patih Duljalal pejah dening Wong Agung .....	9
34. Wong Agung dipun krubut ing para raja .....	18
35. Raja Sapardan dipun banda .....	29
36. Ngrembag perang brubuh .....	36
37. Para raja balanipun Wong Agung kathah ingkang kapupu ing prang .....	43
38. Wong Agung perang kaliyan Prabu Robbussamawati .....	51
39. Santun gelaring prang .....	60
40. Perang brubuh .....	69
41. Prajurit Jamintoran ambiyantu Wong Agung .....	76
42. Prabu Robbussamawati pagas jangganipun dening Wong Agung .....	82
43. Wong Agung mriksani kedhaton Jaminambar .....	89
44. Wong Agung tindak dhateng Jamintoran .....	98
45. Pangeran Kelan dhaup lan Dewi Sulasikin .....	107
46. Wong Agung nglurug dhateng Mukabumi .....	112

### **33. PATIH DULJALAL PEJAH DENING WONG AGUNG**

#### **SINOM**

1. Wus prapta turangganira  
Dulajalal sigra anith  
ngiwa paris nengen gada  
senggak senggak sang apatih  
tar wus sira ngemasi  
ajur dening gadaningsun  
sarwi ngiter turangga  
turangga weton Siwarjis  
sami gimbal asiyung sami reksasa.

2. Heh Sultan Kamidil Ngalam  
aja prang kalawan mami  
angur sira anungkula  
ngerahna para narpati  
ing kono sira urip  
awet denira andulu  
ing Samsi Nujum Kamar  
lamun sira kudu jurit  
pan ndilalah kukum wong kudu palastra.

3. Nging Sultan Kamidil Ngalam  
sun temah yen kudu mati  
ajal tan kenging suminggah  
payo nggadaa denaglis  
sigra amuter bindi  
inganteb gada tumempuh  
lir gelap abarungan  
tan osik tiba ing tangkis  
rame surak wong Ngarab wong Jaminambar.

4. Kadya guntur magenturan  
nggegeteri kang miyarsi  
gada tibeng paris waja  
mubal agni mring wiayati  
Duljalal Jabarail  
asru denira amuwus  
tuhu pra wireng jagad  
nadhai panggadamami  
nora obah kang asta ajeg tan owah.

5. Ya Sultan Kamidil Ngalam  
sunpindho ajur sireki  
angangkat gada bisyara  
tumempuh tumibeng tangkis  
jejeg maksih tan osik  
awetu dahana murub  
anulya pining tiga  
Wong Agung maksih tan osik  
Awurahan surake mungsuh lan rowang.

6. Heh Sultan Kamidil Ngalam  
tuhu adining prajurit  
pantes pinuji ing jagad  
tibaning gadengwang iki  
sunanteb tibeng tangkis  
durung tumon kuwate kang kaya sira.

7. Wruhing cipta runtikira  
Adipati Guritwesi  
wus nusul prapteng paprangan  
munggwing wurining turanggi  
Duljalal tanya aris  
wong apa iku anusul  
Sultan Kamidil Ngalam  
nolih ya ta anaauri  
pan prajurit iyeku suwangsningwang.

8. Patya Duljalal sru mojar  
yen sira males ing mami  
selangen gadaningwang

dene gadanira cilik  
mangsa karoseng mami  
ginadakena ing status  
Sultan Kamidil Ngalam  
alon denira nahuri  
nora susah iya gadengsun kewala.

9. Atangkisa bandabaya  
heh denyitna ingsun gitik  
Wong Agung dyan muter gada  
gada geng Usamadikin  
Patih Duljalal tangkis  
kuwat ing pamupuhipun  
wadya surak gumerah  
punang paris medal agni  
katar katar kumatar mumbul ngawiyat.

10. Tumiba ing wana wasa  
anunu wana anápis  
karya barusahing satwa  
kebrasat åkeh ngemasi  
apan kudane patih  
Duljalal gegere putung  
kepadal ing panunggang  
kuwate ingkang ambindi  
sira Patih Duljalal tiba kaplesat.

11. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
nimbangi tedhak ing siti  
Adipati Tasikwaja  
ika anyandhak turanggi  
dharat denira jurit  
aramnya pupuh pinupuh  
adangu aprang gada  
apan datan migunani  
aprang pedhang arame pedhang pinedhang.

12. Gumerter Patih Duljalal  
karepotan ing ngajurit  
sinamur ing Umar Maya

bineda sembranan jurit  
dangu denya nimbangi  
lelucon anamur kayun  
yayah pan dadya bondhan  
sirma kringete patih  
angandika Jeng Sultan Kamidil Ngalam.

13. Paran iki karsanira  
kabeh kapraboning jurit  
tan ana kang dadi karya  
iya mung pratingkah siji  
kang durung denlakoni  
agelar junjung jinunjung  
Patih Duljalal mojar  
wuwsira memekasi  
dene sira dedeg pengadeg pan asar.

14. Ingsun jahas waid melan  
tegese jahas pan inggih  
waid melan abirawa  
pan asar wong andhap alit  
wekasan ing ajurit  
angajak junjung jinunjung  
marmane winastanan  
Duljalal mekasi ing ling  
angling nemah Wong Agung Kamidil Ngalam.

15. Pan wus jamaking ngayuda  
singa tiwas angemasi  
mangsa nedyaa suminggah  
Patih Duljalal sru angling  
lah iya sunturuti  
Wong Agung ngendika arum  
sarwi ngadeg ngarsanya  
heh ingsun junjungen dhingin  
sru gumuyu alatah sira Duljalal.

16. Mangsa tan nggawera sira  
yen ingsun mbedhola wukir  
sayekti daut deningwang

babo kudu temen mati  
nyandhak wangkingan aglis  
sigra pangangkatireku  
winatara tan obah  
kuwate dipun ngengehi  
winetokken sadaya meksa tan obah.

17. Inganteb panjunjungira  
wanti wanti tan katarik  
ameksa pangangkatira  
kongsi tumetes kang getih  
saking pucuk dariji  
sukune ambles sadekung  
Kyana Patih Duljalal  
lir ambedhol arga wesi  
lah malesa ingsun tan kuwawa ngangkat.

18. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
pangandikanira aris  
heh iya sayekti gantya  
sarya anolih ing wuri  
Dipati Guritwesi  
anampeni semunipun  
topong muluk binuwang  
wong Ngarab nampeni wangsit  
samya tutup talingan pusuh lan malam.

19. Saksana denira nyandhak  
iket pinggange kya patih  
ingoyog sarya apetak  
kajunjung Duljalal patih  
gumlundhung ing wiayati  
gora bajra guntur ketug  
sang Prabu Saesalam  
sadangune aningali  
ing ayuda saking ing langit kaping pat.

20. Kagyat tiba saking dhampar  
kapileng tanya glis  
heh Baktiyar iki sapa

kang aprang lawan si patih  
ngerami ing ngajurit  
si patih teka kajunjung  
tinggil kadya merang  
Baktiyar matur wotsari  
nggih punika Jeng Sultan Kamidil Ngalam.

21. Kang ngadhaton ing Kuparman  
Wong Agung Surayengbumi  
Saesalam malih tanya  
kang kaya gelap puniki  
gumludhug ing wiyati  
lir prabata sasra guntur  
metu saka ing apa  
ingsun kapileng tan sipi  
barise wong Jaminambar akeh rebah.

22. Umatur Patih Baktiyar  
nggih petake Jayengmurti  
mijil sing tutuk kewala  
gedheg gedheg sri bupati  
ya ika si apatih  
denikal ikal mandhuwur  
yeka kaya likasan  
baya ta banjur binanting  
wus binanting Duljalal rata lan kisma.

23. Surake kang baris Ngarab  
yayah manengker wiyati  
barise wong Jaminambar  
satriya myang pra dipati  
keh rebah kajempalik  
durung miyarsa kadyeku  
gajah miwah turangga  
pating baleber anggending  
kang wadyalit kang apes lajeng palastra.

24. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
ngawe marang sang dipati  
Tasikwaja pilihana

iku kang ngaku prajurit  
kinarya Jabarail  
Saesalam tingkahipun  
baem untune samya  
wong iku gedhene sami  
lawan yayi Prabu Gulangge ing Rokam.

25. Untune wus pinilihan  
kinukup ingkang kepanggih  
patang puluh woluw samya  
kabeh kinathok hergeni  
intene untu siji  
samya geng pangaji sewu  
begja Kya Umarmaya  
Patih Duljalal Jabrail  
apan tukang ndhedhawuhken parentah.

26. Pinarih eram aresepa  
sadaya kang dendhawuhi  
yen angucap gebyar gebyur  
gumilap angilat thathit  
tan mawi obor malih  
yen lumampah dalu dalu  
amung mangap kewala  
padhang kadya denobori  
sampun bubər kalihe saking payudan.

27. Wong Agung Kamidil Ngalam  
mbojana myang pra narpati  
catur sahasa ngayuda  
kang mrawaseng mungsuh sekti  
kuneng gantya winarni  
wau ta sang Raja Robbus  
samawi wal arli  
ing dalu yeka nimbali  
sakathahe para malekat mukarab.

28. Maha Prabu Jaminambar  
ngendika esmu prihatin  
marang Apatih Sapardan.

pira ratu kang wus prapti  
kerigan mancanagri  
Patih Sapardan wotsantun  
gusti ing tigang dina  
kalih ewu ingkang prapti  
sakathahe para narpati ngamanca.

29. Sawadya tanpa wilangan  
pan ing dinten wau prapti  
gusti sang Raja Iyansah  
saking tanah Jaminulik  
titihane ngajurit  
binekta garudhanipun  
benjing enjing yen karsa  
tuwan wedalna ngajurit  
dimen ngrampas ing pedhang saking ngawiyat.

30. Wong wetan mangsa wontena  
kang aprang saking wiayati  
inggih pun Prabu Iyansah  
mangka manggalaning jurit  
tan wande tumpes tapis  
wong wetan prajuritipun  
dening Mraja Iyansah  
kang aprang saking wiayati  
manthuk manthuk suka Prabu Jaminambar.

31. Matur malih Sri Sapardan  
amba mbenjing kang njenengi  
kula tumpese wong wetan  
yen amba sampun akanthi  
lan pun Iyansah gusti  
ratu sawurda pan gempur  
sakirna yektsirna  
sinten prang saking wiayati  
sinten nglawan prangipun Raja Iyansah.

32. Sultane Kamidil Ngalam  
kawula ingkang nandhingi  
amba bantinge ing mbenjang  
yen mboten dipundhingini  
gampil yen mboten kongsi  
ungele pepetakipun  
binanting nunten pejah  
yen kongsi petake muni  
para ratu sinten ingkang ngundurena.

## **34. WONG AGUNG DIPUNKRUBUT ING PARA RAJA**

### **DURMA**

1. Enjang munya kendhang gong tengaraning prang  
beri gurnang thong thong grit  
gong maguru gangsa  
teteg leksan sauran  
barise wus samya mijil  
mungsuh lan rowang  
tepung kang punang baris.
2. Kadya guntur gumuntur ngrok magenturan  
wong Agung sampun mijil  
prapteng pabaratan  
sawadya para nata  
maksih tontonen ing ari  
duk wingi seda  
Raden Amir Anjilin.
3. Arya Maktal kang samya munggwing ngajurit  
Dipati Guritwesi  
alon aturira  
inggih paran ing karsa  
kathahe mengsahe puniki  
kang para raja  
ewon wingi kang prapti.
4. Pan akethen aleksan kang para raja  
yutan wendran prajurit  
langkung andebala  
ratu ing Jaminambar  
sugihe bala prajurit  
andina dina  
para ratu prapti.

5. Lamun tuwan ngarsakna aprang tandingan  
mboten sampun sawarsi  
dene tetimbangan  
gungipun wadya tuwan  
prajurit kang pra dipati  
lan para raja  
lamun pranga tinandhing.
6. Sadintene medalna ratu sadasa  
kalihdasa upami  
paran yen sampurna  
inggih sadasa warsa  
paduka angrangkep kardi  
putranta mapan  
Pangeran Kaelani.
7. Dereng nikah kang wonten ing Jamintoran  
lan inggih ingkang wajib  
ing nagari Mekah  
sampun lami lahirnya  
Nabi Kalipatullahi  
putra paduka  
inggih nayakeng bumi.
8. Wonten kaol ing kitab Rolatul Arbab  
taun wingking puniki  
yen winical pecah  
sedane rama tuwan  
lan pejahe Katim Tayi  
nunggil sawarsa  
miwah Nusirwan Ngadil.
9. Mila mangke meh bangase Rasulullah  
rikaten prang puniki  
Wong Agungmiyarsa  
nenggih ing aturira  
Adipati Guritwesi  
renteng kagagqs  
manguneng angenani.

10. Angandika Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
mring sagunging para ji  
heh kadang kadangwang  
kabeh padha lerena  
aja na mangsah ing jurit  
yen tetandhingan  
sun dhewe kang ngawaki.

11. Amrih enggal lan maning si Saesalam  
dimene ametoni  
lamun ingsun ingkang  
metu sadina dina  
yekti lingsem ing narpati  
yen wis mijil prang  
iku rikating jurit.

12. Sigra mangsah Wong Agung Kamidil Ngalam  
sampun nitih turanggi  
pun Askarduwian  
kawot kapraboning prang  
tengahing rana sesirig  
surak gumerah  
mungsuh rowang marengi.

13. Katupiksa denira Patih Sapardan  
yen ingkang miyos jurit  
wus nyata tetela  
Sultan Kamidil Ngalam  
Iyansah wus sinungan wrin  
lan kinen mapag  
ing yuda Jayengmurti.

14. Sigra mesat.ngawiyat Prabu Iyansah  
nitih garudha peksi  
ingayuh ngawiyat  
surak wong Jaminambar  
loke iki mengko mati  
mangsa nangga  
sinamber saking nginggil.

15. Niyup ngandhap garudhanira Iyansah  
pedhangira tinarik  
gumebyar lir kilat  
dyan miyat Sang Wirengprang  
mungsuhe saking wiyati  
dyan ngarah arah  
menthang langkapira glis.

16. Pinarengan paniyupe Raja Hyansah  
kapethuk ing jemparing  
panah kang kinarya  
numpes ditya Jabal Kap  
kena jajane kang peksi  
sareng lumarap  
tiba kabruk kang peksi.

17. Angemasi kaplesat Raja Iyansah  
neng tala kajempalik  
tangi kekadhalan  
ngungun wong Jaminambar  
kagendra glis temen mati  
kena ing apa  
dene tan angudhili.

18. Tan ana wruh yen jinemparing sing ngandhap  
kasilib ing jemparing  
alon samya-mojar  
prajurit Jaminambar  
baya kuwalat kang peksi  
ngungkuli ingkang  
dyan tiba nuli mati.

19. Nyata lamun abot ratune wong wetan  
tan kena den ungkuli  
garudhane pejah  
Iyansah berangkangan  
Wong Agung tedhak tumuli  
saking turangga  
prang dharat anadhahi.

20. Rame gada ginada sami prakosa  
dangu bindi binindi  
surak lir ampuhan  
awor swaraning gada  
lir baledhег anyamberi  
dangu prang gada  
tan ana migunani.
21. Seleh gada arame pedhang pinedhang  
pedhang tan migunani  
sareng mbuwang pedhang  
lajeng cindhak cinandhak  
Raja Iyansah semu dir  
gugup anyandhak  
wangkingan Jayengmurti.
22. Agah agah anyendhal Prabu Iyansah  
wanti wanti tan osik  
inganteb anyendhal  
Sultan Kamidil Ngalam  
kang padha rapet ing bumi  
tan kongkih kangkat  
peksa angungkih ungkikh.
23. Angentekken kuwatira sang Iyansah  
neetrane metu getih  
suku ambles tala  
sadekung kang jarinya  
pucuke marentul getih  
amegap megap  
Iyansah kempas kempis.
24. Inguculken Iyansah sarya sru mojar  
angur mbedhola wukir  
kabedhol deningwang  
Sultan Kamidil Ngalam  
gantya denya nyandhak aglis  
pinggang Iyansah  
tinarik wus katarik.

25. Wus tininggil ingikal kadi likasan  
sareng petak binating  
luluh awor kisma  
balunge ting palesat  
wonten kadange glis prapti  
Raja Umerba  
lajeng denya nggadani.

26. Wanti wanti anggada Raja Umerba  
cinadhak wus binanting  
sumyur ing bantala  
Iyansah lan Umerba  
sareng denya angemasi  
ratu sekawan  
umangsa pareng prapti.

27. Ciandhakan kapat pisan wus kabucal  
tibeng baris Kohkarib  
wus samya binanda  
Sultan Kamidil Ngalam  
wuru riwut krura runtik  
akeh kang prapta  
pra nata dencandhaki.

28. Prang sadina Wong Agung Kamidil Ngalam  
angsal mbanda para ji  
kehe seket lima  
mundur bala kalihnya  
dening wus diwaseng ratri  
wong Jaminambar  
sungkawa sor ing jurit.

29. Bala Ngarab ing dalu samya bujana  
ya ta ingkang winarni  
prabu Jaminambar  
duka renteng kalintang  
de pirang pirang narpati  
myang sinatriya  
singa mangsah kajodhi.

30. Salaminya aprang sampun kawan candra  
amung sepisan odhil  
ping seket kasoran  
akeh kang para nata  
ana mati ana urip  
samyakabanda  
atusan ingkang mati.

31. Para ratu andina dina kang prapta  
saking manca nagari  
lajeng prang kabanda  
tan ana dadi karya  
patang ewu prapta malih  
kang para raja  
ingkang saking pesisir.

32. Angendika Mahaprabu Saesalam  
balengsun akeh prapti  
Si Kamidil Ngalam  
wonge wus ntek tan ana  
mung iya kang ana iki  
prandene prangnya  
wong kene kang kajodhi.

33. Tanpa guna kabeh bala Jaminambar  
lagi sapisan ini  
ana mungsuh prapta  
tarunge nora daya  
apa sun nuli ngawaki  
destun kaliwat  
tanpa gawe para ji.

34. Kadya singa memangsa mrih kaoncatan  
ndukani pra narpati  
Kya Patih Sapardan  
umatur saha nembah  
dhuh gusti sukmaning bumi  
sampun sungkawa  
amba mbenjing miyosi.

35. Inggih mangsa wandeya pun Kakungingrat  
kula kang nyepeng mbenjing  
ingkang nembahena  
inggih ing padukendra  
sampun tuwan wancak galih  
apan kawula  
mbenjing ingkang mungkasi.
36. Duk miyarsa Mahaprabu Saesalam  
ature Kyana Patih  
Sapardan mangkana  
suka lejar tyas nata  
iya mangkono patih  
wiyahen uga  
yen ora kotemeni.
37. Sapa maning Sapardan yen dudu sira  
mungkasi gawe iki  
ratu ewon leksan  
wus katog tanpa guna  
eman praja den ratoni  
apes ing aprang  
siji tan angudhili.
38. Singa magut kapikut ngringkuk kabanda  
si raja Ngarab iki  
lamun pinaluta  
iya kang padha guna  
pira kadare pan cilik  
yen temenana  
suwe amecah ranti.
39. Tan kawuwus ing dalu enjing tengara  
gubar gurnang thong thong grit  
kendhang gong wurahan  
umyang maguru gangsia  
kang baris wendran umijil  
arebut papan  
lir wutahing jaladri.

40. Baris Ngarab wus mijil gumulung kadya  
sungapan waudadi  
tata barisira  
Sultan Kamidil Ngalam  
ginarebeg ing para ji  
wus aneng papan  
munggwing amparan manik
41. Lajeng nitih pun Askarduwijan mangsah  
kawrat ka'prabon jurit  
prapteng rananggana  
Sultan Kamidil Ngalam  
mider ing papan sesirig  
asumbar sumbar  
sapa arsa ngemasi.
42. Heh ya sapa tan wruha wong Jaminambar  
yengsun Surayengbumi  
turasing dipatya  
Ngabdul Muntalip Mekah  
kang peputra nama Hasim  
Hasim kang putra  
Seh Ngabdul Manap yekti
43. Ngabdul Manap kang putra Bagendha Kasah  
Kasah ingkang sesiwi  
Mahaprabu Kelan  
narpati wiratama  
trah Kures prawireng jurit  
heh Saesalam  
metuwa kene jurit.
44. Aja ngemungaken ngedu para nata  
tanpa wekas ing jurit  
payo Saesalam  
heh padha aprang muka  
arok bandawala pati  
atepung jangga  
singa tiwas ngemasi.

45. Akantaran boja rumamrang prawira  
den padha ngungsi pati  
patekaning raja  
manggah manggaleng praja  
dik ing rah tan maharjani  
ingkang sumbaga  
mangukih mangakah.

46. Sira langkung kumlungkung neng madyapada  
dur ing rat tan awerit  
ingaku Hyang suksma  
sumuk sumungkeng angga  
nguni tan ana kang wani  
ing mengko ana  
saananingsun iki.

47. Aneng tanah Jaminambar Prajanira  
sira kang ngumbar kapti  
kaya nora kena  
destun muliha aran  
yen sira noramareni  
ngaku Hyang Suksma  
yen maksih pedhang mami.

48. Tur kang maksih landhep si Usamadiman  
lawan jemparing mami  
yeku kang anyegah  
murung sakarsanira  
rep sirep sagung paraji  
wong Jaminambar  
ya ta duk miyarsi.

49. Kyana Patih Sapardan krura angkara  
jwalita lir metwagni  
mbaranang kang jaja  
jujur ing grebaning tyas  
dik kotdi tyasnya mawengis  
nitih turangga  
kawot kaprabon jurit.

50. Krodha nander tyas mawa mawinga winga  
yayah kadya mateni  
ngrusaka ri yuta  
milang tulanging lawan  
mapan ing reh tumpes tapis  
prapteng payudan  
gambuh sampune panggih.

## **35. RAJA SAPARDAN DIPUNBANDA**

### **GAMBUH**

1. Asru denira muwus  
Patih Supardan apa ujarmu  
heh Wong Agung Kamidil Ngalam sireki  
iya durung oleh mungsuh  
salawasira lungandon.
2. Iki ana tandhingmu  
iya kang nandho nggonira wudhu  
si Sapardan ingkang Mukarab Mikail  
kang anandhang sagendhingmu  
ing prang denpadha kelakon.
3. Densaguh denatangguh  
sangganen iki panggadaningsun  
amasanga tangkis wisesa denaglis  
nora wurung dadi bubuk  
katiban ing gadaningong.
4. Iki bobot rong ewu  
lan samas wesi wasesa agung  
iang pandhita pandhega makuweng wukir  
Wong Agung alon arnuwus  
payo tamakna maringong.
5. Suntetegi mrih tutug  
sira Sapardan denpadha tangguh  
nora cuwa cecawangan amrih jodhi  
ngakak amuter gada gung  
sigra denira tumempoh.
6. Pinindho ing pamupuh  
meksa tan osik ngantep ping telu  
asru mojar Patih Sapardan Mikail  
tuhu prajurit pinunjul  
wentala ing panggadengong.

7. Reh prakosa dibyanung  
sedheng sinembah ing para ratu  
amalesa Wong Agung Surayengbumi  
nya selangen gaadningsun  
gadamu cilik samono.
8. Wong Agung alon muwus  
pan iya wis anggon anggoningsun  
wus takere mangsa kena denwuwuhi  
saolehe gadaningsun  
lawan bobote kang nganggo
9. Denyitna ingsun pupuh  
Patih Sapardan gumuyweng ngguguk  
mangsa kumlenesa tibeng paris mami  
norarsa nganggo gadengsun  
sun watara nora nggepok.
10. Amasang tangkisipun  
Sultan Kamidil Ngalam amupuh  
kadya gelap sakethi tibaning tangkis<sup>v</sup>  
angantep pamupuhipun  
suraking wadya gumuroh.
11. Paris metwagni murub  
kuwat Sapardan panangkisipun  
pamadaling kekapa kang denkuwati  
gigire turangga putung  
patih kaplesat tibeng doh.
12. Gumeter adegipun  
tangi angangkat gadane gupuh  
sigra Sultan Kamidil Ngalam nedhaki  
Umarmaya prapta nusul  
nyandhak Askardwijan gupoh.
13. Dangu prang dharat tutug  
gada ginada prasamya ampuh  
ngedu yasa arame tibaning tangkis  
kadya wukir sasra guntur  
gumuntur rok suraking wong.

14. Suwe ramening pupuh  
samyu prakosa prang gada putus  
danguning prang gada geng tan migunani  
sareng mbuwang gadanipun  
pareng narik pedhang karo.

15. Pedhang pinedhang caruk  
dangu prang pedhangkalihe putung  
dadya ruket prang popor tarik tinarik  
Raja Sapardan amuwus  
lah iki sira mecohot.

16. Sun bantinga sireku  
yekti ajur balungira sumyur  
dyan cinandhak wangkingane Bagendha Mir  
jinunjung ora kajunjung  
Sapardan kuwate ngetog.

17. Meksa panjunjungipun  
pineksa peksa datan Kajunjung  
karinget rah Sapardan pucuk dariji  
medal rah pating parental  
marebel rah netra karo.

18. Pedhot ambeganipun  
inguculaken panyekelipun  
menggah menggah Sapardan tan eling jurit  
anata ambeganipun  
ngungun adangu mendongong.

19. Alon denira muwus  
dudu manusa sayektinipun  
bobotira padha lawan arga wesi  
tan ana kadya sireku  
sabener benera uwong.

20. Sun mbedhola gurdagung  
yekti kabedholan oyodipun  
njunjung sira tan bisa mingser sanyari  
payo malesa anjunjung  
yen kangkat bantingen ingong

21. Angling sira Wong Agung  
denprayitna sun males anjunjung  
dyan cinandhak Sapardan wangkinganeki  
ingoyog oyog ping telu  
sarya noleh Marmaya non.
22. Ngulukken topongipun  
kang baris Ngarab samya andulu  
sigra samya sadaya atutup kuping  
myang gajah turangganipun  
kadi saban kang kelakon.
23. Sapardan asru muwus  
pagene sira yog oyog ingsun  
kadya rare dolanan salahireki  
pan sarya gumuyweng ngguguk  
Sapardan denya tetakon.
24. Wong Agung alon muwus  
sun timbang bobot lan kuwatingsun  
kang supaya ywa kelajuk kuwat mami  
Sapardan sigra jinunjung  
pinarengan petak angrok.
25. Ing ngawiyat gumludhug  
lir wukir sasra gugur gumuntur  
wus kajunjung Sapardan nulya tininggil  
ingubengaken mandhuwur  
pan kadya likasan kang wong.
26. Wadya surak gumuruh  
sigra binanting siti pan kantu  
kantakane Sapardan gumuling siti  
Dipati Tasikwaja wus  
analeni ngawe kang wong.
27. Prpta wadya sepuluh  
bandan Sapardan ginawa mundur  
sigra Sultan Kamidil Ngalam nabda ris  
parentah maneteg kondur  
sagung baris Ngarab bedhol.

28. Nulya hyang arka surup  
wong Jaminambar nimbangi mundur  
ting kalesik solahing baris prihatin  
geng alit sungkaweng kalbu  
dening prang andina kasor.

29. Ya ta sang Raja Robbus  
ingkang anjangkung ing langit catur  
duk andulu Patih Sapardan binanting  
angungan mangu mangun kung  
eram mulat langkung gawok.

30. Sagung kang kantun kantun  
pra prajurit ingkang para ratu  
pan sadaya lajeng ngendikan mring langit  
myang malekat mukarabun  
aglar sujud ngarseng katong.

31. Ngendika Raja Robbus  
heh ta sagunging prajuritingsun  
kaya paran dayanira ing ajurit  
amungsuh wong wetan iku  
yen tinandhing mesthi abot.

32. Ya si Sapardan iku  
lan si Duljalal kaliwat wudhu  
durung oleh tandhing sangisoring langit  
amungsuh si Wirengpupuh  
tan kongsi rong dina kasor.

33. Pira prajuritingsun  
kang kabanda miwah ingkang lampus  
lan balane Sultan Kamidil Ngalami  
ya pira wataranipun  
ratu pejah mung loro thok.

34. Kabanda mung selikur  
tan ana maning punika amung  
abdi tuwan para ratu kang linuwih  
kang sami prakoseng pupuh  
kang tate anangga bobot.

35. Kang pejah sangang atus  
lan pitung dasa ratu gung agung  
gangsal atus pitung dasa dentaleni  
cinepeng gesang pukulun  
wong Ngarab ayektos abot.

36. Saben medal umagut  
satunggal inggih tan wonten wang sul  
lajeng bebas kang tan pejah den taleni  
ratu sewu gangsal atus  
kang sami punjul prang kalong.

37. Dene kang kantun kantun  
wus samya kekes tan purun magut  
maksih kathah prajurit para narpati  
nanging tan wonten kang purun  
naggulang Jayengpalugon.

38. Sira sang Raja Robbus  
myarsa ature kang para ratu  
angandika sarwi angidung perasi  
aywa na gempal arimu  
sagunging prajuritingong.

39. Sun samakake iku  
Sultan Kamidil Ngalam sarpagung  
singa mara sinautan wus ngemasi  
upamane durung metu  
kang sarpa galak saking rong.

40. Ing mbesuk lamun metu  
saking ing ronge yen ingsun pagut  
sungitika sepisan bae ngemasi  
lir macan aneng gerumbul  
sayekti angel pakewoh.

41. Lamun pinriha lampus  
si Sultan Kamidil Ngalam iku  
durung kena lamun durung dengosoki  
wetune saking gerumbul  
kang nggosoki pagutingong.

42. Besuk parentahingsun  
sun awakane magut prang pupuh  
apan padha undhangna ratu prajurit  
dadine aprang garubuh  
den samekta para katong.
43. Manawa nora lampus  
durung karsengsun sedina sesuk  
nora kena si Ngarab linawan tandhing  
mung urugana lelampus  
robana keh bala katong.
44. Iku mangsa na mbantu  
sira ing kene andina rawuh  
wantu parek wong wetan ngumbara tebih  
alangka ingkang ambantu  
mangkono ing karsaniningong.
45. Sadaya para ratu  
ing pamikir rempek dadinipun  
wus luwaran Raja Robbusamawati  
gantiya ingkang winuwus  
Wong Agung mungkur palugon.

## 36. NGREMBAG PERANG BRUBUH

### PANGKUR

1. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
ambojana sagung wadya para ji  
pra satriya supenuh  
manggala ulubalang  
larih mider gumerah kang para ratu  
para raja Jaminambar  
kang samya katawan jurit.
2. Sadaya sami ngendikan  
Kyana Patih Sapardan ran Mikail  
kang binekta munggwing ngayun  
lan kancane sadaya  
prapteng ngarsa alon ngendika Wong Agung  
heh Sapardan kaya paran  
budinira kang sayekti.
3. Kang pasthi anteping driya  
iya ingsun anuruti sireki  
lamun sira kudu lampus  
nemah mati duraka  
mati siya siya anut ing tyas bingung  
kang kaya si Saesalam  
sayekti ingsun pateni.
4. Yen sira eling manungsa  
ing kedaden getih kalawan mani  
nora mangkono tingkahmu  
ratumu Saesalam  
tukang sasar teka angaku Hyang Agung  
ngendi ana pinangeran  
ing bumi ana kang wani.

5. Heh Sapardan wruhanira  
ingsung aprang ing praja ngendi endi  
kang kasor prang lawan ingsun  
keh ratu mandraguna  
durung tumon prajurit apes ing pupuh  
mung prajurit Jaminambar  
prange kadya rare cilik.

6. Mara sira tetakona  
anak putu kang padha angrasani  
prajurit kang para ratu  
prange wong Jaminambar  
liwat apes perange nora nggeguru  
embuh Ratu Saesalam  
kumalungkung aneng bumi.

7. Wau ta Patih Sapardan  
duk miyarsa panari mituturi  
pasthi palaling Hyang Agung  
Sapardan mawa iman  
wus karaos ing driya meneng tumungkul  
tur sembah ngsapi waspa  
dhuh gusti kang murbeng jurit.

8. Mangka manggala musthika.  
amurdani ing reh niyakeng bumi  
merta wisuda dibyanung  
ing Rab wus nama lanang  
kasumbageng triloka satuhu kakung  
dhuh Sultan Kamidil Ngalam  
amha anut ing pakarti.

9. Tuwan kalangkung sampurna  
nguni uni inggih dereng miyarsi  
pitutur ingkang satuhu  
kang pantes linampahan  
kang santosa ing ngagesang manggih lampus  
mung inggih saweg punika  
Jeng Gusti palimarmeng sih.

10. Mangkana kang winicara  
dening ahlul carita dalil kadis  
duksamana jawab atur  
sira Patih Sapardan  
tinulisan ing malekat islamipun  
wus pinanci Islam batin.

11. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
duk miyarsa Sapardan turireki  
Wong Agung suka kalangkung  
tedhak saking amparan  
anguculi Sapardan pusaranipun  
wus tinarik astanira  
kinen lungguh lan para ji.

12. Pinisalin ing karajan  
kinen sadat Sapardan anglampahi  
myang sadaya para ratu  
prawira Jaminambar  
wus tinarik anut Sapardan tumurut  
sadaya wus linuwaran  
ratu limang atus sami.

13. Apan langkung tigang dasa  
sinadatken sadaya wus nglampahi  
sinrahken Sapardan sampun  
kabeh tan ana ilang  
karatone pinacak atunggal lungguh  
lawan sagung para raja  
Sapardan kang medanani.

14. Anunggil ratu pangarsa  
sira Raja Sapardan denkasih  
wus abakuh tekadipun  
kandel amawa iman  
sakancane limang atus telung puluh  
wus iman sami santosa  
sami sukane tyas neki.

15. Raja Kalbujer tur pirsa  
tur pawartos Dipati Guritwesi  
pan inggih ing wau dalu  
rembage Saesalam  
benjing enjing amedali prang garubuh  
yen sampun ngawaki yuda  
lajeng garubuh ing jurit.

16. Lajeng tumameng ngayunan  
tur pawartos yen badhe aglar salin  
Saesalam prang garubuh  
Wong Agung angandika  
heh Sapardan  
mangkono pawarta iku  
umatur Raja Sapardan  
kadya leres kang pawarti.

17. Prajurit sampun telas  
andeling prang kang prawira ing tandhing  
kantun para ratu rusuh  
nanging tanpa wilangan  
kang prajurit inggih sewu gangsal atus  
kang para ratu gegala  
sadaya pan sampun keni.

18. Kang pejah myang kang kabanda  
samya wudhu ing aprang wingi uni  
mung punikapes prangipun  
ingkang kanin akathah  
nanging sami ndherek byung anawon kambuh  
tan wonten ingkang abahan  
mateng gulanging ngajurit.

19. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
angandika marang raka myang ari  
yayi undhangen pra ratu  
padha amemataha  
prajurite kang asaos prang garubuh  
aja bareng agilira  
pinrapata kang para ji.

20. Ana nem atus sadina  
para ratu saprajurite kerig  
bupati satriyanipun  
padha matah mataha  
prajurit kang turangga lan dharat iku  
jenggiri padha pisahna  
gelara Suluspiyatin.
21. Miwah prajurit wahana  
esthi lawan pragalba lan karendhi  
bihal andaka lan senuk  
nrong pantha keri kanan  
nora nistha gelare rada malincur  
karana wong Jaminambar  
sanepa kadya jaladri.
22. Wong Agung ing Parangteja  
undhangipun warata kang para ji  
kuneng tan winarneng dalu  
enjang wong Jaminambar  
atengara gurnang  
kendhang gong gumuruh  
thong thong grit maguru gangsa  
beri bendhene tinitir.
23. Teteg leksan asuran  
samya kagyat wong Ngarab animbangi  
gumuruh tengaranipun  
sagunging baris medal  
mungsuh rowang wus apajeg barisipun  
nanging bala Jaminambar  
ndaledeg kang pra prajurit.
24. Kadya sungapan samodra  
kang wadya Rab nggrahita masang rakit  
sampun aglar para ratu  
sang Prabu Saesalam  
ngendika mring kang malekat mukarabun  
pundhuten busananingwang  
kabeh kaprabon ngajurit.

25. Sampun sumaos ing ngarsa  
wus rinasuk makutha abukasri  
kawistha bra manik murub  
sunar anut raditya  
inten sasra sakenari agengipun  
munggwing rengganing makutha  
dinulu ngebat ebati.

62. Makutha lir diwangkara  
kinerabu mutyara lan widuri  
markata yakut jumerut  
lawan kang para raja  
tikel ping pat agenge makutha prabu  
tulya girindra pawaka  
wista ra ngebat ebati.

27. Abajo baliger tundha  
akere mas arasah masnik wredi  
alapis wesi balitung  
tinatrap sinabur mas  
saping dhadha pinindhia pindha binandhung  
dhinandhang ing mutyahara  
angeneni kanan kering.

28. Abate mas kinalata  
ing hergeni satepeng manik lungid  
sajebug jebug herlaut  
tetirip talajug mas  
terah manten mutyara mangkawa nguwung  
agora garudha neba  
ginongsor lan endragiri.

29. Kerange pedhang minardya  
ing sesotya samas sela basuki  
pitung yuta ajinipun  
herkilat munggwing kerang  
miwah ulu pedhang inten ing tri atus  
apepatar catur yuta  
kentar ujwala nelahi.

30. Tan kena yen winuwusa  
busanane Sri Robbussamawati  
ratu ing ngalam donyeku  
tan ana kang mangkana  
tuhu seja lawan para ratu ratu  
gada wrat rong ewu dhomas  
rinengga srining herthathit..

31. Turangga waladi yaksa  
geng ruhur ran kuda Janggiseri  
kinurung langit kapitu  
korine bale Ngaras  
binusanan sampun binekta tumurun  
malaekat telung widak  
ingkang rumekseng turanggi.

32. Sawusira abusana  
Sri Bupati Sang Robbussamawati  
anuduh sang Raja Maklub  
ratu agung minangka  
malaekat Ngisrapil kang Raja Maklub  
amangsahna garubuh prang  
mundur sang Maklub Ngisrapil.

## **37. PARA RAJA BALANIPUN WONG AGUNG KATHAH INGKANG KAPUPU ING PRANG**

### **DURMA**

1. Prapteng papan sang Raja Maklub parentah  
garubuh mangsah jurit  
tengara wurahan  
gumulung para nata  
miwah satriya bupati  
wong Jaminambar  
mangrok sagung prajurit.
2. Wong kohkarib ingkang aduwe bubuhan  
pangiriding prajurit  
kang nitih turangga  
esthi tuwin kang dharat  
angrok pareng anadhahi  
nem atus nata  
saprajurit turanggi.
3. Lir samodra pagut tempuhing ngayuda  
angurugi pepati  
bala Jaminambar  
gumulung mangsah rampak  
kadya ditya anom daging  
prajurit Ngarab  
gelar Suluspiyatim.
4. Pinratiga dharat ingkang munggwing madya  
kang wahana kudesthi  
munggwing kering kanan  
masuk pengawat kiwa  
Suluspiyatim pekolih  
pawor liweran  
parempaking ngajurit.

5. Kadya mina memangsa sajroning toy  
prajurit ing Kohkarib  
angidak anunjang  
caruk rok gada pedhang  
duduk miwah cacab lembing  
rame den aprang  
pira pira pepati.
6. Kadya ngiles aneng tegal palimunan  
prajurit ing Kohkarib  
bala Jaminambar  
para ratu satriya  
atusan ingkang ngemasi  
tetindhihira  
Maklub pejah ing jurit.
7. Raja Banu Arli ingkang amarwasa  
ratu kadang Kohkarib  
pejah kang sadasa  
dening Maklub kang krodha  
pamane ingkang ngemasi  
Raja Baritma  
Maliritma lan malih.
8. RAja jeras Malijeras kang palastra  
Raja Kanjur Mukanjur  
Raja Ardisamat  
Ardikapi palastra  
Raja Edris Mali Edris  
jangkep sadasa  
ratu kadang Marmadi.
9. Wonten swara gora gurnita genturan  
tumurun saking langit  
lir maguru gangsa  
ingakang mangka pratandha  
tedhak Robbussamawati  
sapih wus piyak  
wong Jaminambar sami.

10. Wruh kalamun pangerane Saesalam  
badhe ngawaki jurit  
kang prajurit Ngarab  
kadho sami umulat  
tedhake sri narapati  
ingayap ayap  
bala busana rukmi.

11. Kang nggarebeg ing wuri myang kering kanan  
pra malekatireki  
busana mberanang  
lir wijiling baskara  
enjang saking jalanidi  
umyung gumerah  
solahe among jurit.

12. Prapteng ngandhap ing papan madyeng palagan  
lajeng nitih turanggi  
suri jatha gimbal  
Jenggiseraripelag  
mantra busana rinukmi  
agebyar gebyar  
lir andaru sesirig.

13. Sarwi mojar aneng luhuring turangga  
ngidung ngidung perasi  
heh wong Jaminambar  
denbecik surakira  
ingsun arsa amundhati  
kang tunggul naga  
iku kagungan mami.

14. Lan amparan jumerut saking Ngajerak  
getab turangga nyirig  
apan kadya yaksa  
rakite kang turangga  
rowa pun Jenggiserasari  
amandhir gada  
ayah sang Danojaji.

15. Samya eram wadya Rab ingkang tumingal  
sang Robbussamawati  
gung luhur prakosa  
parigel ing turangga  
sesumbar anguwuh tandhing  
payo wong Ngarab  
saapa kang arsa mati.

16. Papagena ing kene abanda yuda  
sigra Raja Pirkari  
amarek ing ngarsa  
matur mangsah linilan  
galih asem punang bindi  
ageng apanjang  
kinolong wesi rukmi.

17. Nander mamprung aneng rana yun ayunan  
Saesalam sru angling  
heh kaki wong apa  
tuwa amagut ing prang  
apa ta nujum sireki  
mangka tetumbal  
sengol denya nahuri.

18. Ingsun ratu Kaswiri Pirkari ingwang  
iya kang buyut mami  
nateng Kaos nama  
Sri sayid Ali Ngumar  
pamanane Prabu Jobin  
tuwa gegala  
gumujeng Sri bupati.

19. Iya kaki denprayitna ingsun gada  
muter gadanira glis  
bala Jaminambar  
surak kadya ampuhan  
tumempuh gada narpati  
tangkis legawa  
sira Prabu Pirkari.

20. Gada wrat ingkang kalih ewu dhomas  
rempu Raja Pirkari  
ajur mor turangga  
wus rata lawan kisma  
surake gumuruh atri  
wong Jaminambar  
yayah nengker wiyat.
21. Prapta Raja Bustami lajeng ginada  
rempu rata lan siti  
lawan kudanira  
Prabu Sailman prapta  
ginada rata lan bumi  
sang Raja Salsal  
ing Klakodrat prapti.
22. Nitih macan prapteng rana yun ayunan  
sapa sira kang prapti  
tungganganmu macan  
baya dene prawira  
yensun andeling prajurit  
narpa dandanari  
Raja Salsal ran mami.
23. Ratu Kalakodrat prawira digdaya  
Saesalam mawengis  
kalingane sira  
narpati Kalakodrat  
kang anuntun' mungsuh iki  
mulane prapta  
neng Jaminambar iki.
24. Anut sira sri Sultan Kamidul Ngalam  
sandhangen ukum mami  
payo atangkisa  
parise ingsun gada  
Raja Salsal masang tangkis  
nulya ginada  
jumebret tibeng tangkis.

25. Paris sumyur macan pejah kapalesat  
Salsal tiba ing siti  
tangi ngayat gada  
gumeter kang sarira  
pinindhoo rata lan siti  
sang Raja Salsal  
pan sumpun angemasi.
26. Kadya guntur surake wong Jaminambar  
unggul denira jurit  
asru senggak senggak  
sang Prabu Saesalam  
Raja Siryalam anitih  
turangga ngerap  
prapteng papan wus panggih.
27. Heh wong Ngarabkang prapta sapa ranira  
nora na kapokneki  
kancane keh pejah  
pinarag gadaningwang  
sun raja Asmarakandi  
aran Siryalam  
destun arsa ngrasani.
28. Aprang lawan Saesalan kaya sira  
singa tiwas kang mati  
apa jrihing njajal  
iku dudu prawira  
Raja Robbussamawati  
angangkat gada  
nggitik waja ngajrihi.
29. Masang tangkis ginada Prabu Siryalam  
turanggane ngemasi  
tiba kapalesat  
tangi lajeng cinandhak  
inguncit tininggil tinggil  
kadya likasan  
dangu lajeng binanting.

30. Remak rempu kunarpanipun Siryalam  
gumuruh suraknya tri  
wadya Jaminambar  
ayah manengker wiyat  
ratune unggul ing jurit  
wong Jaminambar  
sami suka tan sipi.

31. Duk tumingal byat runtik Raja Bani Sam  
nander Raja Daryadis  
prapta yun ayunan  
sang Prabu Saesalam  
sira iki prapta malih  
gawok sun mulat  
ya mring wong Ngarab iki.

32. Nöra ana kang kapok ndułu wayangan  
kancane akeh mati  
kena gadaningwang  
prandene akeh prapta  
wani wani temen mati  
sapa ranira  
ingsun Raja Daryadis.

33. Ratu andel kuthanipun ing Bani Sam  
sang Robbussamawati  
sigra ngangkat gada  
amasang tangkisira  
wau sang Raja Daryadis  
katiban gada  
luluh awor lan siti.

34. Prang sadina Sang Aprabu Saesalam  
ratu wadya Rab sami  
apan kalih dasa  
ingkang pejah ginada  
dening Robbussamawati  
wau kang aprang  
bubar kasaput ratri.

35. Pareng neteg wus mundur mungsuh lan rowang  
ya ta wau ing ratri  
lajeng abojana  
Sultan Kamidil Ngalam  
aglar kang para narpati  
tuwin satriya  
pra samya nguswa weni.

## **38. WONG AGUNG PERANG KALIYAN PRABU ROBBUSSAMAWATI**

### **SINOM.**

1. Wau Prabu Saesalam  
atri bojana sawengi  
aglar kang mangka malekat  
tuwin kang para narpati  
satriya pra dipati  
ngandika marang ing luhur  
prapteng langit kasapta  
angling Robbussamawati  
heh wongingsun kaya paran tingkahingwang.
2. Mateni prajurit Ngarab  
kang padha prawireng jurit  
tan karaseng astanetingwang  
sujud kang para narpati  
dhuh pangeraning bumi  
saestu tuwan pinunjul  
tan wonten kadi tuwan  
kadi mbenjing tumpes tapis  
para ratu Ngarab keni gada tuwan.
3. Mung Sultan Kamidil Ngalam  
wikana bilih kuwawi  
nadhaih pepukul tuwan  
dene Rijale Wal Arli  
munada sureng bumi  
ing tri buwana pan kasub  
mila purun angecak  
mring Jaminambar praja ji  
dene sampun kentar ing janalokaya.

4. Nanging inggih pinten bara  
dene boten ageng inggil  
dedege sang Kakungingrat  
pasthi kasaban ing bindi  
Baktiyar matur aris  
pasthi lamun ajur mumur  
lamine ngakak ngakak  
saking dereng angsal tandhing  
yekti mangke ketanggor neng Jaminambar.
5. Ngendika Sri Saesalam  
Raja Robbussamawati  
sanadyan anaa sasra  
nyawane si Bagendua Mir  
sirna ing gada mami  
marang ndi pangungsenipun  
matur para malekat  
saestu pangandika ji  
jer tuwanku kang amurba ing buwana.
6. Lah iya ing mbenjang enjang  
sun ngawaki ing prang malih  
sun tumpese babar pisan  
wong Arab aja na kari  
sun bebasne ngajurit  
dimen gempur dimen tumpur  
Sultan Kamidil Ngalam  
sun pitthese yen metoni  
senggak senggak Mahaprabu Saesalam.
7. Kuneng gantya winursita  
kang samya prih mredyeng ati  
jeng Sultan Kamidil Ngalam  
kang bojana lan para ji  
ing dalu ngiras sami  
paguneman lan pra ratu  
alon denya ngendika  
Wong Agung Surayengbumi  
pan sembadan prakosane Saesalam.

8. Geng luhur gagah birawa  
widigdaya ing ngajurit  
prayoga geng abirawa  
prakosa sumbageng jurit  
emane ratu iki  
teka angaku Hyang Agung  
tur sembah para nata  
daweg daweg ing ngajurit  
kari papak lan rayi paduka Ngrokam.

9. Wingi ing tingal kawula  
bilih maksih keh kang kari  
solah gelaring ngayuda  
manawi mung kadi wingi  
maksih kekacen ugi  
lan rayi tuwan pukulun  
Prabu Gulangge Ngrokam  
kaot arikat terampil  
sareng kebat tangkepe pun Saesalam.

10. Rayi paduka ing Rokam  
sereng gumriyeng medosi  
agalak boten caluthak  
purun sareh angantuni  
lamun amasang tangkis  
tan katawis yitnanipun  
tuwin yen ngangkat gada  
apan boten briga brigi  
malah mesem amrih wetune rakasa.

11. Gumujeng Gulangge mojar  
lah angger ing Ngalabani  
punapa boten angumpak  
pun kakang sayektos ajrih  
opyak para narpati  
pan estu sayektosipun  
otote Saesalam  
pantes kacek pitu sisih  
kalumpukake otote kacek nembelas.

12. Lamun kinembara ing prang  
baene wani ngareni  
gumer ingkang para nata  
sangsayang ngung kang para ji  
ngudhoni nyenyumbari  
ngajap tinandhing prang pupuh  
ratu seket sesanga  
kang kedah sura tinandhing  
agandika Jeng Sultan Kamidil Ngalam.

13. Iya kabeh sun tarima  
antepe ratu prajurit  
dene kadugane samya  
yen metu paprangan jurit  
yen meleng anyumbari  
Saesalam marang ingsun  
dadi ingsun sembrana  
mbuwang kurmate para ji  
lamun ora ingsun dhewe kang tumandang.

14. Kuneng dalu winursita  
enjing tengara muni  
Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
miyos giqrebeg para ji  
sagung wadya kang baris  
saenjing tata atepung  
lan baris Jaminambar  
Raja Robbussamawati  
sampun mijil aneng rana pabaratan.

15. Sora gara kadi wana  
turune sagunge baris  
kang pindha ambulu gurda  
gunging wahana kudesthi  
blegedaba jenggiri  
mong bihal karendhi senuk  
endah memreng andaka  
tungkul daludag tulyasri  
kang minangka asrinings wana tumruna.

16. Dyan tedhak saking amparan  
maha Robbussamawati  
arsa ngawaki ngayuda  
saking sengsem ing prang wingi  
nitih jenggiser sari  
kawot kaprabon prang pupuh  
surak anglir ampuhan  
jenggarang lir danoja ji  
pratingkahe maha prabu Saesalam.

17. Prapteng madyane ranangga  
sesumbar Sri narapati  
heh Sultan Kamidil Ngalam  
pagene nora metoni  
ingsun rong dina iki  
yuda sira tan umagut  
apa wedi maringwang  
yen wedi ngesrahna aglis  
balanira miwah para raja raja.

18. Tuwin anak rabinira  
anuta tabiat kapir  
ya ta kalane miyarsa  
kudarya mraja sebaji  
marek ring jeng sultani  
kawula anuwun magut  
methuk pun Saesalam  
saking tan betah miyarsi  
angandika Sang Prabu Kamidil Ngalam.

19. Heh kakang Prabu Kudarya  
aja sira metu jurit  
manawa kepareng tiwas  
si Saesalam linuwih  
tan ana iya nenggih  
kang momong pulunanamu  
ya si Ismayatmaja  
lan si Robbussamawati  
amung ingsun kakang kang den onta onta.

20. Dadya kurang kurmatingwang  
de anguwuh tan metoni  
ratwagung si Saesalam  
andhek u mraja sembaji  
angrasuk busanadi  
pusaka wasiyatipun  
para nata sadaya  
rinasuk kaprabon jurit  
sigra tedhak Jeng Sultan Kamidil Ngalam.
21. Saking amparan rinengga  
anitih pun Askarduwi  
duwijan sampun samekta  
kawrat kapraboning jurit  
kang saking para nabi  
sadaya pusakanipun  
kapraboning ngayuda  
kinetab turangga nirig  
kadya guntur surake wadya Kuparman.
22. Sira Prabu Saesalam  
miyarsa surakmu nyantri  
kadya angrebahna kasa  
beda lawan wingi wingi  
tuwin ing nguni uni  
mung mangkya langkung gumuruh  
lan ana ingkang mangsah  
ujwala pancur nelahi  
neng turangga wus nreka yen kakuning rat
23. Dangu dangu kawistara  
wonten prajurit tur paksi  
pukulun den aprayitna  
dhuh Pangeran Samawati  
punika kang miyosi  
pan pun Karabumaunun  
Sultan Kamidil Ngalam  
senggak Robbussamawati  
apan iya sajega sun ayam ayam.

24. Sigra angetab turangga  
maha Robbussamawati  
jenggiser sari ngatepang  
angiteri Jayeng Murti  
sarya sru dinira nging  
heh Amir sayektinipun  
sira mapag maringwang  
lir nemu retna sawukir  
liwat suka sun arsa aprang lan sira.

25. Apepongo sagotongan  
sira wani prang lan mami  
dene kaliwat kuciwa  
sun agung luhur siralit  
tan wus sira ngemasi  
sirna aneng gadaningsun  
mangsa nggawera pira  
tan wurung rata lan bumi  
Saesalam senggak senggak latah latah.

26. Saesalam mbahuruwan  
kidunge kidung perasi  
artine kidung mibera  
kethap kethap maring langit  
sok katona sireki  
samangsa katon suntubruk  
mangsa ndadak luputa  
tur nora bisa sira mir  
ngayuh wiyat lawan malih katingalan.

27. Apa margane meninga  
sira prang kalawan mami  
heh Sultan Kamidil Ngalam  
elinga nungkula aris  
nora rusak sireki  
sun kasahi lan sun ulung  
wadyamu para raja  
tan owah maksih sireki  
nadyan wonge Jaminambar lurahana.

28. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
alon denira nahuri  
heh ratu ing Jaminambar  
sawusira tan sisip  
lamun narpati luwih  
ing rat pinudy pinunjul  
nanging mamak kaliwat  
sira angaku Hyang Widi  
nora wurung nekani cintakanira.

29. Satemene Saesalam  
yen sira arsa basuki  
tobata maring Hyang Suksma  
saking panasar salami  
ananira ing urip  
pan iya uripireku  
ana ingkang anitah  
kang agung kang Maha Suci  
kang akarya jagad miwah langit jembar.

30. Nora kaya langitira  
jembare amung rong wengi  
liwat saking tanpa nalar  
sira angaku Hyang Widi  
karya dosa gung pasthi  
siya siya ing anggamu  
aweh ngguguning jagad  
sapa ngandel ing sireki  
manawa ta rare ngumur telung warsa.

31. Ratu kang pada anembah  
ing sira satengah anjing  
dudu tingkahing manungsa  
nembah wong nguyuh angising  
kang pasthi Maha Suci  
mungguh ananne Hyang Agung  
ngendi ana Hyang Suksma  
teka maksih ana wani  
wong Kuparman kang wani mocok ndhasira.

32. Kalangkung bramantyanira  
sira Robbussamawati  
heh Sultan Kamidil Ngalam  
sira ratuning praduli  
nenisip solah mami  
lah iya solahireku  
kemat tur paneluhan  
dene nora agung inggil  
ambandani para ratu kang prakosa.

33. Yekti kemat ing sajagad  
polahira iku pasthi  
heh Sultan Kamidil Ngalam  
sira gegedhuging bumi  
alon denya nahuri  
pan parentahing Hyang Agung  
amruhaken wong sasar  
kang bangga wenang mateni  
kaya sira yen bangga pasthi sun sulah.

34. Krodha mangkrak Saesalam  
amuter gadaniraglis  
heh Sultan Kamidil Ngalam  
asambata kang ayogi  
ketiban gada mami  
nora wurung anggalepung  
bobote gadaningwang  
saleksa wong ewu kat  
den atangguh aywa mundur ing ngayuda.

## **39. SANTUN GELARING PRANG**

### **DURMA**

1. Masang tangkis Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
gada geng anibani  
sarwi senggak senggak  
Sang Prabu Saesalam  
oreg bumi kadya gonjing  
pandhola ngambak  
surak gumuruh atri.
2. Rosanira panggadane Saesalam  
kuwate kang nadhahi  
awetu dahana  
mubal akantar kantar  
geger anibani baris  
wong Jaminambar  
samya muji ing gusti.
3. Panggadane angoregaken bantala  
sapa kelar nadhahi  
ratune wong wetan  
pasthi rata lan tala  
wau ta ingkang ajurit  
tibanning gada  
kuwata kang nadhahi.
4. Turangga pun Askardwijan kawratan  
suku tumanceb siti  
sadhekung amblesnya  
anjrit sarwi lumumpat  
sirna dahana kaeksi  
mubeng mendhapan  
eram kang aningali.

5. Iya tuhu kuwat ratune wong wetan  
sigra denya ngayati  
heh si Saesalam  
lah sira den prayitna  
sun males masanga tangkis  
Usamadiman  
pinuter liwat luwih.
6. Dyan ginada ing Sultan Kamidil Ngalam  
kadya gelap sakethi  
rosaning panggada  
mubal wetu dahana  
wong wetan surakira tri  
turangganira  
Sri Robbussamawati.
7. Pan sadhekung sukune tumanceb tala  
gumeter Sri bupati  
bebalunge obah  
kang rong atus sawidak  
kudane lajeng ngemasi  
tiba kajengkang  
Sri Robbussamawati.
8. Kadya guntur surake mungsuh lan rowang  
kang aprang oleh sisih  
sektine kewala  
ageng luhure beda  
anglir singa mungsuh hesthi  
Sultan Kuparman  
singa Saesalam hesthi.
9. Gya anarik pedhang majeng Saesalam  
krura angkar wengis  
laraping kang pedhang  
lir kilating baskara  
kadya anggempurna wukir  
sewu sakal  
Sang Robbussamawati.

10. Sigra tedhak Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
neng ngarsane turanggi  
angling Saesalam  
heh iki patinira  
ing pedhangingwang  
sapa kang kelar madhahi  
ing pedhangingwang  
pamunahing sabumi.
11. Sigra tangkis Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
amung lawan cemethi  
kang saking Ngajerak  
pusaka Jeng Suleman  
pedhange lumarap nibani  
wong agung sigra  
anabet ing cemethi.
12. Pedhang sumyur kari ulune kewala  
Dipati Gurtiwi  
prapteng wurinira  
Sultan Kamidil Ngalam  
wau Robbussamawati  
nyawatken sigra  
mring Sang Surayengbumi.
13. Wus katangkis ing cemethi kapalesat  
tibane pan ingambil  
marang sang dipatya  
gumujeng duk tumingal  
ri Sang Saesalam aji  
Heh Umarmaya  
kaya kere nggalithis.
14. Pepantesmu amupu ing bebujadan  
satriya anjeginggis  
ngalap rerusakan  
mung aji pitung yuta  
Adipati Guritwesi  
lon saurira  
yen ora sun rawati.

15. Sayektine dadi donya siya siya  
tan arus tur mubadir  
kagunganing raja  
ya pantes kinurmatan  
Saesalam asru angling  
heh padu apa  
si kere liwat cedhis.

16. nyandhak bate bate prabu Saesalam  
inguncalaken aglis  
enya tampanana  
kere wetan den enggal  
iki bate bate mami  
pan patang bara  
ajine malah luwih.

17. Umarmaya anampeni lenggak lenggak  
sarwi ngidung perasi  
ratu Jaminambar  
eman ngaku Hyang Suksma  
belaba kepati pati  
duwea iman  
dadi ratuning wali.

18. Tan kumedhap mbuwang donya patang bara  
mangkana kang ajurit  
asalin gegaman  
dangu denira yuda  
sagung pasikepan jurit  
rempu sadaya  
tan an migunani.

19. Sabarang kang astra pan datanpa karya  
samyadigdayeng kalih  
sami kuwatira  
samyagunaning aprang  
kang ahlukojah mengeti  
denira yuda  
Sang Saesalam aji.

20. Pitung lan Sultan Kamidil Ngalam  
ri wusnya pitung ari  
Prabu Saesalam  
angrasa yen kasoran  
mar lesu angganira ji  
lawaning aprang  
wanteg prawiraneki.

21. Dereng mantra sayah ri Sang Surayeng rat  
prakosanira maksih  
aimbah amengsa  
apan imbah sudira  
mar lesunira apan nir  
awewah ragad  
mangkana kang winarni.

22. saundure aprang sang Sri Saesalam  
bojana nuju ratri  
ngumpulaken wadya  
pra ratu prawira  
supenuh ngarsanira ji  
alon ngandika  
si Robbussamawati.

23. Heh sakehe para ratu balaningwang  
ingsun tutur sayekti  
yudane wong wetan  
tan kena ginagampang  
yen linawan ingprang tandhing  
ingsun angrasa  
kasoran ing ngajurit.

24. Angganingsun kang mau sanepanira  
yen masa satus kati  
ing mengko ananya  
iya prajurit wetan  
bobote kari setail  
heh kawruhana  
iku pangrasamami.

25. Ingsun aprang lan Sultan Kamidil Ngalam  
arsa sesambat isin  
iku batiningwang  
yen nggada yen amedhang  
sapa kang sanggup nadhahi  
ratu bang wetan  
ingkang padha memburi.
26. Ana wani anglawani yudaningwang  
kang ora amarengi  
ngajale palastra  
kelar nadhahi padha  
iya genge gada mami  
ing bahuningwang  
kongsi mar tanpa ondhil:
27. Apa dene yang Sultan Kamidil Ngalam  
sajengingsun ngajurit  
durung ngrasanana  
panggitik kang mangkana  
miwah denya masang tangkis  
dene tan obah  
upama gunung wesi.
28. Tan karasa yen tinempuh ing maruta  
iku ta hebat mami  
tuhu nora kena  
linawang tetandhingan  
sesuk yen metu ajurit  
prajuritingwang  
ingkang datanpa wilis.
29. Agelara wukir sol segara wutah  
urugana pepati  
byukana bebatang  
dene kang para nata  
den eling panggedhe mami  
panusulira  
aywa doh lawan mami.

30. Alingana iya kiwa tengeningwang  
supaya angga mami  
aywa kongsi sayah  
iya nggoningsun aprang  
lawan si Surayengbumi  
dadi kang rembag  
kuneng gantya winarni.

31. Pakumpulan Wong Agung Surayengjagad  
lan sagung kang para ji  
samya abojana  
ngiras apaguneman  
adipati Guritwesi  
alon ngendika  
lan sagung kang para ji.

32. Sanak sanak miwah yayi Prangteja  
prakara mungsuh iki  
prang tandhing tyasira  
gempal si Saesalam  
galigape pan katawis  
pangrasaningwang  
prayoga den rakiti.

33. Sesuk metu aja kongsi genten gelar  
sok wusa padha rakit  
alon aturira  
Wong Agung Parangteja  
nggih peneding benjing enjing  
kang para nata  
ngrakit kaprabon jurit.

34. Den samekta apa sarakite gelar  
apa Suluspiyatin  
nanging mbok kuciwa  
mungsuh yayah samodra  
agelar kang Supiyatin  
iku kecandhak  
lan Sabingupiyatin.

35. Nora kena cinara pikaosipun  
wong Jaminambar iki  
durung sun tumingal  
ratu sugihe bala  
pan iya amung saiki  
iya marmanya  
kelar akarya langit.

36. Lajeng sami pinatah kang para nata  
gelar Sabngupiyatin  
kang angirid bala  
jroning sawiji gelar  
tan kasurup kang ngenggeni  
Gulanggengrokam  
ing gelar kang dhadhani.

37. Sadurunge mengsah kaubeng ing gelar  
awit Suluspiyat  
baune kang kanan  
Prabu Tasangsulngalam  
narendra ing Burudangin  
pangawatira  
sewu baris paraji

38. Munggwing kering Sri Bupati Kewusnendar  
awak sewu paraji  
sagegamanira  
dene ta yen wus mengsah  
kang anampeni ing kering  
sawadyanira  
Sangprabu ing Kohkarib.

39. Ingkang kanan kang nampani yen wus pecah  
Mahaprabu Serandhil  
lawan para putra  
binagi pinarapat  
rong duman meluing kering  
kang milweng kanan  
inggih rong duman malih.

40. Sampun denya pangreka rakiting gelar  
tetepe kang kinardi  
pan Sabingupiyat  
sampun pinatah patah  
sagung kang narpati  
sinung pengetan  
pecah kumpuling baris.

41. Tan kawarna ingratri wuwusen enjang  
munya kendhang gong beri  
thong thonggrit lan gurnang  
puksur maguru gangs  
baris seseg kang umijil  
arebut papan  
kadi robing udadi.

42. Miwah bala ing Jaminambar kumerab  
kang bala baris mijil  
atepung kalangan  
Sultan Kamidil Ngalam  
ginarebeg ing paraji  
munggwing amparan  
tata sagung prajurit.

43. Nateng Jaminambar wus ngrasuk busana  
wiyose ing ajurit  
lir samodra wutah  
prajurit para nata  
sawadyanira tan kari  
ing kering kanan  
miwah kang munggwing wuri.

## **40. PERANG BRUBUH**

### **PANGKUR**

1. Wadyagung ing Jaminambar  
denya karya byhamangkara dadi  
sesupit satriya ratu  
pra dipati ing tengah  
para mantri ulubalang mor ingbungkur  
wong Kuparman sareng mulat  
baris Jaminambar mijil.
2. Amasang byuhamangkara  
animbangi kang Sabingupiyatin  
Wong Agung sigra amundhut  
kuda Sekarduwijan  
wus anithi kawot kaprabon prang pupuh  
nengah turangga ngatepang  
prapteng papan asesirig.
3. Asru denira sesumbar  
baris Jaminambar kang pinaripit  
heh payo kang para ratu  
prajurit Jaminambar  
payo kene endita kang arsa lampus  
apa ta si Saesalam  
wus ora nedya metoni.
4. Yen wusi tan nedya medal  
takut ing prang nedya anungkul becik  
angaturena panungkul  
sun gawa mring Kuparman  
awismaa nunggal ingkang para ratu  
weruha ing kabecikan  
pan sira durakeng bumi.

5. Dukmiyarsa Saesalam  
mundhut kuda papta jenggiri berit  
sigra anitih sang prabu  
kawot keproboning prang  
wus anengah murub busaneng lir ndaru  
Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
wrin Saesalam umijil.
6. Tedhak saking ing turangga  
sigra petak gumledhug ing wiyati  
sinander wau sang prabu  
padha kang kanan ndhupak  
murdeng kuda rempu Saesalam gupuh  
cinandhak ket pinggangira  
binuncang kongseb ing siti.
7. Gumebrug tibane nata  
lir matengga binuwang ing mong pami  
trus kasingsal tibanipun  
dadya tangi angreyab  
Saesalam gumeter adege mlayu  
mor ingwadya kalindhungan  
ngatag ambrubuh ingjurit.
8. Wadya Rab ingkang tumingal  
mengsa grubuh pareng ambyuk makreti  
ingwiting gelar sabingu  
piyatn pakolian  
sareng tanduk yayah kang samodra pagut  
gora gentur magenturan  
panduke mengsa lan kanthi.
9. Kumepruk tibuning gada  
ramening prang samya gunging prajurit  
lir kiyamat langit rubuh  
wong Ngarab para raja  
samya wuru makolehken gelaripun  
masuk kang Sabingupiyat  
eca denira ngamuki.

10. Gege dhuge para raja  
pangamuke kadya angles cacing  
lir nacah semangka timun  
Sultan Kamidil Ngalam  
ngiwat ngiwut usamadiman tumanduk  
gajah rebah kuda rampas  
andaka mong bosah basih.

11. Awuru sang raja Rokam  
kadya yaksa krura gora mawredi  
kang kambah syuka barubuh  
prahara haruhara  
Umarmadi bayak lan Prabu Lamda hur  
Prabu Yujana abayak  
lan Sangnateng Burudangin.

12. Sagung para ratu putra  
sawadyanya para ratu dipati  
kang prajurit pareng anduk  
sareng masuk inggelar  
datan supe pengetan Sabngupiyatun  
rajeng Kulub saha bala  
Kalbujer kemate dadi.

13. Bupati prajuritira  
kang wus dinum aneng Sabngupiyatin  
kumrutug pating kalepruk  
wangwung perang kumemprang  
kadya udan puputhon tumameng mungsuh  
sirah bengkah kuping pecah  
netra katrucut kawijil.

14. Prahara gora ruhara  
lir kyamat angin topan anggerit  
bayu riwut siyat siyut  
rag rug barubah rebah  
wadya Jaminambar lir mina gumulung  
kamongsa kena ing gelar  
panjinge Sabngupiyatin.

15. Kadya mina bayak bayak  
pan giniring wus manjing ing piranti  
ayutan pan asrah lampus  
tan ana kang nityasa  
makolehken sagungin gegamanipun  
ana ingkang lagya ngikal  
ing pedhang kumepruk keni.
16. Ingpeputhon wesi waja  
tutup netra kedadak angemasi  
tinunjang rubuh kabunuh  
pepati Jaminambar  
yen saleksa wong Ngarab mung mati satus  
sakethi wong Jaminambar  
wong Ngarab mung sewu mati.
17. Sayuta wong Jaminambar  
pan wong Ngarab mung saleksa kang mati  
yen sabara ingkang lampus  
prajurit Jaminambar  
mung sakethi prajurit Ngarab kang lampus  
lajeng wuru ramening prang  
mora nganggo rina wengi.
18. Wutahing rah wus angrawa  
angerikil bebalunging prajurit  
rambut apindha lelumut  
wangke senuk dipoga  
kadya karang karang katempuh ingalun  
endhe paris kang kalembak  
lir mina kambang ing warih.
19. Krun keli kadya mina mas  
lembak lembak kentir ing rah mili  
langit winulat abiru  
mrebambah lir bang bangan  
kasorotan sorote samodra marus  
asung erame kang miyat  
ngeres kekes kang umeksi.

20. Sayuta tumpesing ngarsa  
wadya Jaminambar sabara prapti  
sabara tumpes ing ngayun  
Sawendra wuri prapta  
kang sawendra sarma syuh nirkabarubuh  
sagulma kang wuri prapta  
kang sagulma tumpes tapis.

21. Sakirna wuri kang prapta  
kang Sakirna tumpes keles ingjurit  
Sawurda prapta ing pun<sup>ek</sup>ur  
lir sungapan samodra  
ingkang saking ler wetan kitha kadya lun  
wuwsen sri maharaja  
kang nedya utameng pati.

22. Mahaprabu Jamintoran  
praptanira ler wetan kitha margi  
wus atas carakanipun  
yen nengahi rame prang  
prang garubuh gumuruh lir langit rubuh  
wadyane lir ingundhangan  
pra samya anugel baris.

23. Kang daledeg ing lor wetan  
duk tinugel rame tempuhing jurit  
pedhot kang anggili mundur  
ubekan nempuhing prang  
lir samodra pasang kang sangsaya surud  
galigap wong Jaminambar  
akathah tumpesing jurit

24. Esop kang saking lor wetan  
kari ingkang saking kilen anggili  
wus asanget sudanipun  
Sultan Kamidilngalam  
kendel mulat atipis praptaning mungsuh  
Wong Agung ing Parang teja  
ian Dipati Guritwesi.

25. Samya angadhep samana  
tanpa bala amung wong agung katri  
samyat kang prang ngamuk  
kontap sudaning mengsa  
denya mingser kendel kalembakan marus  
minggir mrih sating ludira  
wong agung ngandika aris.
26. Heh yayimas Parangteja  
lan kakangmas dipati Guritwesi  
paran ing wusananipun  
prang iki yekti lawas  
Saesalam tan arsa panggih lan ingsun  
anyilap nyilap ampungan  
ewuhe tankena pinrih.
27. Sawitning ingsun kalintang  
oneng marang sutanira ki mantri  
iya si Ismaya sunu  
kang aneng Jamintoran  
ciptaningsun prang iki enggala putus  
dereng dumugi ngandika  
Radyan Suratsarim prapti.
28. Mung lawan,kuda sadasa  
mor ing mungsuh Rahaden Suratsarim  
pan inggih nak sanakipun  
Wong Agung Parangteja  
pan arinya Risang Darundiya prabu  
maksih angabdi ing raka  
ing Aryamaktal prajurit.
29. Dinuta dukwau mulat  
Arya Maktal sru kaget ingjurit  
ingkang ler wetan ambrubul  
pedhot dudu barisan  
ing semune punang baris katelabung  
marma kinen analika  
dening Raden Suratsarim.

30. Pedhote baris lor wetan  
aturira Rahaden suratsarim  
denten dedamel kang rawuh  
inggih saking lor wetan  
praptanipun wadya lajeng anempuh  
inggih saking ing lor wetan  
ngamuk sagunging para ji.

31. Amba mor baris kang anyar  
amrih tanya bathara nyakrawati  
ing Jamintoran kang rawuh  
Srimaha Sadar Ngalam  
amba mbantu ing raka jeng sultunu  
lajeng prang nglingkung liweran  
mamuk sawadya prajurit.

32. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
langkung kagyat nyana putranya prapti  
Kelaswaratmaja milu  
Suratsarim tur sembah  
boten ndherek kinen atengga kadhatun  
yen mangkono payo kakang  
padha ngungkal mamrih kingkin.

## **41. PRAJURIT JAMINTORAN AMBIYANTU WONG AGUNG**

### **ASMARADANA**

1. Yayi prabu mbantu jurit  
aja kongsi karepotan  
payo sineru prang kiye  
kakang metokena gelar  
ira sanjata kaca  
yayi wetokna gelarmu  
iya jemparing naraca.
2. Payo ngantep ing ngajurit  
Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
sigra nitih turanggane  
mangsa nengah narik pedhang  
Wong Agung Parangteja  
jemparingira sumembur  
crecep anibani mengah.
3. Adipati Guritwesi  
sumyur sanjatanya kaca  
mungsuh ewon mati gosong  
tumpesan wong Jaminambar  
prang lawan lan wong Ngarab  
kunarpa susun atimbun  
tan kena ingucapena.
4. Wong Agung pangamukneki  
pira pira para raja  
ingkang pinerang pedhange  
tuwin ingkang para putra  
numper pangamukira  
amrang nacah ngiwat ngiwut  
kadya tan anapak tala

5. Kang ahlukojah mengeti  
prang rame ing Jaminambar  
maring prang tandhing lamine  
worsuh patang puluh dina  
kadya kiyamat kobra  
loting prang tan antuk wuwus  
pating balenger sadaya.

6. Pamuke ratu prajurit  
tan ana kang nedya gesang  
sumungku sru pangamuke  
myang Sultan Kamidil Ngalam  
wurune awor ragab  
munpangat sariranipun  
lamun kinarubut ing prang.

7. Kang maksih enget ing jurit  
mung Wong Agung Parangteja  
engete rumekseng akeh  
yen sampun worsuh ing aprang  
metu saprajuritnya  
saking ironing aprang rusuh  
winulad sagung wadya Rab.

8. Prajurite kang para ji  
singa nipis tinulungan  
singa kapengkok dencorok  
kang kapendir ingideran  
mubeng parentahira  
mulane anggung rahayu  
prange garebyuh wong Ngarab.

9. Endi rahayune jurit  
prange garebyuh wong Ngarab  
pan akedhik pepatine  
jitus jiwu lawan mengsa  
bisane Arya Maktal  
denya rumekseng wadyagung  
milane kang para raja.

10. Amuke tan tolih wuri  
ngandelaken Arya Maktal  
jroning prang nepsune sareh  
rereh kober anupiksa  
pangamuke wadya Rab  
ingkang kaselut kalimput  
tinut tinutup kang mengsa.

11. Tinulungan nanggulangi  
mungsuh ingudanan panah  
pan neraca jemparinge  
crecep maratani mengsa  
kang kandel kinandelan  
winawas pratikelipun  
kang pantes ingamuk pedhang.

12. Gada bindi cacab lembing  
prajurite wus pinatah  
tetep pamugari gedhe  
ngayomi ayeming wadya  
paddhe pindha pandhekar  
pangreti pangrumpak pamuk  
pamengkang rewang kalingan.

13. Rewang katanggelis aglis  
tinulak mungsuh kang melak  
tinanggul mungsuh kang ngontel  
kulon kalulun ngilonan  
kidul kadedel madal  
sabalane ngalor ngidul  
kasabet sabeting aprang.

14. Baris peteng dendhatengi  
anreka mbok Saesalam  
langkung angel panggenane  
amomor pamoring bala  
mangkana Arya Maktal  
anuduh prajuritipun  
mimil rong ewu turangga.

15. Kerid Raden Suratsarim  
nerak baris paminggirnya  
ngalor angetan pajune  
maring baris Jamintoran  
Sultan Kamidil Ngalam  
kagyat nggyanira andulu  
turangga nerak abayak.

16. Ngaler angetan denungsir  
kinetab Askarduwijan  
tinilar wau pamuke  
manawa Sang Saesalam  
ingan saking papraangan  
sinander kecandhak tundhuk  
Raden Suratsarim nembah.

17. Langkung pangungunireki  
Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
andangu sira pagene  
teka angliwati mengsa  
Suratsarim wot sekar  
amba tinedah mbebantu  
inggih dhateng rayi tuwan.

18. Ing gelar kiné mengeti  
prajurit ing Jamintoran  
Wong Agung sukeng driyane  
cengkelak wangsl anulak  
maksih angliga pedhang  
singa kang peteng tinempuh  
rugrag kapranggal kaprapal

19. Ambelasah bosah basih  
kena mring Usamadiman  
pamuke Prabu Gulangge  
lir reksana sewu kurda  
rug rebah ingkang kambah  
kadya bajra ing kapitu  
gora ruhara prahara.

20. Yayah bantheng tawan kanin  
sayuta kang para raja  
myang satriya bupatine  
mantri prajurite samya  
ngantep pangamukira  
kadyarsa sawendra guntur  
gumuntur reh magenturan.
21. Sri Bupati Barudangin  
lir esthi sakethi meta  
tan kena winuwus kehe  
pepati mungsuh karempak  
dening palu rante mas  
wau kang ratu gung agung  
liwung wuru paroring prang.
22. Wau Raden Suratsarim  
prapteng baris Jamintoran  
kapanggya anitir bendhe  
Sri Bathara Sadar Ngalam  
kuda rong ewu prapta  
kagyat panyanane mungsuh  
satriyane sigra tedhak.
23. Nembah Raden Suratsarim  
amba prajurit Kuparman  
jeng rayi tuwan dutane  
Wong Agung Parangteja  
paran ing prang punika  
wadya tuwan pamukipun  
bilih suweng saking gelar.
24. Sang nata gepah nauri  
lah ya iku gelar apa  
wong ngamuk worsuh mangkene  
Raden Suratsarim nembah  
tan kenging ginampang  
raka paduka pukulun  
Jeng Sultan Kamidil Ngalam.

25. Parentah Sabngupiyatin  
salamine prang punika  
salin ping gangsal gelare  
yen makaten kendelana  
pamuke wadya nata  
sigra parentah sang prabu  
mubeng ingkang bendhe samas.

26. Kang miyarsa samya cling  
undure lir sinaringan  
asru ngendika sang katong  
payo dutane yayi mas  
wadyengsun pasangena  
ing gelar ingkang pikantuk  
amrih enthenging ngayuda.

27. Sigra Arbangupiyatin  
kuda sewu pinarapat  
ingkang mangka pangiride  
wus anut wong Jamintoran  
kalih pantha kang mangsah  
saking ler lan wetan nempuh  
kang kantun anusul mengsa.

28. Saking kilen andhatengi  
kontrag bala Jaminambar  
mungsuh angsahe salin nggon  
kawur kerom barisira  
mungsuh prapta marapat  
geger bingung punang mungsuh  
eca samya ingamukan.

29. Keh longe mungsuh kang mati  
apes kapasukan gelar  
kapapas bingung polahe  
suka wadya Jamintoran  
kuneng malih winarna  
pangamuke kang praratu  
sami kondur ing aprang.

## **42. PRABU ROBUSSAMAWATI PAGAS JANGGANIPUN DENING WONG AGUNG**

### **DURMA.**

1. Lir reksasa krura sayuta memangsa  
pira pira pepati  
pan wallahu aklam  
Allah kang luwih wikan  
ngawruhi kehing pepati  
sadina dina  
kethen yutan pepati.
2. Raja Robbussamawati pamukira  
momor lawan para ji  
asalin makutha  
krune kang para raja  
kang kepara ageng kedhik  
mrih ywa wistara  
yen Robbussamawati.
3. Ingkang kandel tinempuh wong Arab mecah  
dadya Tisngupiyatin  
kang wus dadi panthan  
lamun tinempuh pecah  
sapantha Suluspiyatin  
marma kang pejah  
pepatine akedhik.
4. Ngiwat ngiwut pangamuke Saesalam  
rineksa ngarsa wuri  
miwah kering kanan  
Sultan Kamidil Ngalam  
kang pinrih aja mrangguni  
marma sang nata  
iriban pamukneki.

5. Jroning aprang pinungseng sadina dina  
suprandene tan panggih  
Prabu Saesalam  
nggubed anggulindhungan  
wus pasthi karsa Hyang Widi  
kariya rong jam  
watese umurneki.

6. Nora kena ginege pecating nyawa  
yen wates durung pasthi  
sanadyan kariya  
sesangat nora kena  
wetune mangsane pati.  
Prabu Saesalam  
ingubres dereng panggih.

7. Para ratu kang kapranggul matur nembah  
pukulun tan pinanggih  
nggening Saesalam  
Wong Agung angandika  
heh kakang Prabu Sambaji  
sira ywa tebah  
anenga wuri mami.

8. Supayane mengko yen ana katingal  
si Robbussamawati  
sira kang tuduha  
kakang mring jenengingwang  
Raja Sambaji wotsari  
nuwun sendika  
Sambaji matur malih.

9. Nuwun atur uninga ring jeng paduka  
sentana Kaelalni  
kang sami nak sanak  
inggil lan putra tuwan  
pulunan kawula sami  
sadaya pejah  
dene para aji.

10. Tigang dasa woluh kehing ratu Kelan  
satus kang pra dipati  
wadyalit saleksa  
kang para ratu paman  
kadang kawula sayekti  
sekawan pejah  
inggih ing dinten wingi.
11. Lah ya kakang wus padha mati utama  
Sembaji matur malih  
leheng rayi tuwan  
Prabu Gulangge Ngrokan  
pened anunggila gusti  
ngiras rumeksa  
asring nyenyami warni.
12. Jroning pamuk damel kaget ingkang manah  
lir Robbussamawati  
Wong Agung ngendika  
lah kakang ulatana  
yayi Gulangge den aglis  
rajeng Kudarya  
nembah sigra ngulati.
13. Tan adaŋgu kepanggih sang rajeng Rokam  
kendel pangamuknya ji  
sampun dhinawuhan  
kering Gulangge nata  
marang ing Raja Sambaji  
prapteng ngarsa sang  
sultunu nabda yiyi.
14. Anunggala ingsun bae pamukira  
aja memadha warni  
lan si Saesalam  
sun prih enggala kena  
aja nglelawas prang iki  
Gulangge nembah  
inggih sendika gusti.

15. Ya ta wau Wong Agung ing Parangteja  
parentah ing pra mantri  
wolung atus kuda  
piniji ambendhea  
mantri siji bendhe siji  
angubengana  
mbendhena njabuning baris.
16. Lawan teteg tengara undur unduran  
saking kakuning galih  
wau Arya Maktal  
denira Saesalam  
alami datan pinanggih  
sajroning aprang  
nuju dina sawiji.
17. Amiyarsa tengara undur unduran  
sagunging kang miyarsi  
kadya sinaringan  
undure para raja  
Wong Agung Surayengbumi  
kendel angiwa  
tedhak saking turanggi.
18. Angandika Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
yayi Gulangge iki  
yayi Parangteja  
kang ngunduraken ing prang  
ya ta kadulu narpati  
si Saesalam  
ageng tyasira sami.
19. Pangrasane mungsuhe kekes lumajar  
tan wruh yen anggelari  
amrih ngatingala  
ratune Sæsalam  
mangkrak prasamya angungsir  
Sri Saesalam  
ya ta wau kaeksi.

20. Angandika Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
yayi Gulangge iki  
katon Saesalam  
sigra nitih turangga  
sarwi pedhange tinarik  
angetab kuda  
nander lir pendah mimis.
21. Sigra Prabu Kudarya lan Prabu Ngrokam  
samya nander nut wingking  
mosik dalem driya  
Sultan Kamidil Ngalam  
yen sun uripana iki  
ingsun bandaa  
tan wurung ala maning.
22. Pan wong iki alane kaliwat liwat  
gegedheging sabumi  
sigra ngikal pedhang  
Saesalam katingal  
gumeter rug aningali  
prajurit Ngarab  
gumulung mangsah malih.
23. Raja Robbus sigra anyamethi kuda  
nander wus denlancangi  
mring Askarduwijan  
pinedhang jangganira  
pagas wus tumibeng siti  
turangganira  
kampat sigar apalih.
24. Gumarlung murdanira Saesalam  
gumebrug tibeng siti  
anggane sang nata  
surak prajurit Ngarab  
yahay rebah ingkang ardi  
wong Jaminambar  
kekes eram ningali.

25. Para ratu satriya ing Jaminambar  
mawur kawur angisis  
wrin ratune pagas  
gembung lan endhas pisah  
dadya nedya nungkul aris  
mbongkok kang astra  
sineleh densungkemi.

26. Para ratu Ngarab wus akeh kang prapta  
samya angrubung jisim  
sami asung lanat  
ing bangke Saesalam  
satriya myang pra bupati  
kabeh weh lanat  
ajur mumur kang jisim.

27. Angandika Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
marang Sapardan aris  
heh sira malbuia  
kadhaton Jaminambar  
lan panca tus tridasa ji  
kang raja raja  
reksanen kutha iki.

28. Mbesuk esuk ingsun pan arsa uninga·  
ingsun lagya anganti  
yayi Jamintoran  
Raja Sapardan nembah  
sadaya aturireki  
kang raja raja  
limang atus tri desi.

29. Bubar kondur Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
lan sawadya para ji  
sampun masanggrahan  
anganti prantanira  
sang prabu anyakrawati  
ing Jamintoran  
kang methuk animbali.

30. Pan Wong Agung ing Parangteja wus panggya  
langkung denya noragi  
nateng Jamintoran  
mring Arya Parangteja  
alon temayanira ngling  
Tuwan ngaturan  
lan pinaring udani.
31. Lamun nateng Jaminambar sampun lena  
wadyanya sami gusis  
ingkang nungkul kathah  
paduka ingatosan  
sami amariksa langit  
raka paduka  
pan arsa neningali.
32. Angandika gupuh nateng Jamintoran  
inggih yayi suwawi  
wau mengahira  
wus samya myarsa warta  
pejahe ratune sami  
gusis lorodan  
dhasar kasor ing jurit.
33. Siga bubar baris ageng Jamintoran  
wau sri narpati  
mbayak munggwing kuda  
apan kadya kinembar  
wangunane sri bupati  
lan Arya Maktal  
tuhu pekik respati.
34. Samya cingak pra bupati ngungak ungak  
maring gustine sami  
tunggil wangunira  
lan Arya Parangteja  
sesikutan angeblegi  
pasang sarira  
manis pasemon sami.

## **43. WONG AGUNG MRIKSANI KEDHATON JAMINAMBAR DHANDHANGGULA.**

1. Pangarsaning lampah sampun prapti  
katur ing Sultan Kamidil Ngalam  
lamun kang rayi praptane  
Wong Agung sigra methuk  
sajawining pakuwon prapti  
tedhak saking turangga  
umara tumundhuk  
sri bathara Jamintoran  
nembah ngaras ing pada cinandhak aglis  
sarya lon angandika.
2. Yayi prabu aja angabekti  
sigra kinanthi wau kang asta  
binekteng palenggahane  
samya rangkul rinangkul  
samya aras ingaras genti  
dangune palenggahan  
sagung para ratu  
sadaya samya salaman  
nateng Rokam ngareni sarya nangisi  
dening kadya supena.
3. Pan punika tetimbanganeki  
ing bang kilen sami gunging praja  
binathara karatone  
datan racuk rinacuk  
Jamintoran sanes agami  
sampun tunggal agama  
ing salaminipun  
lan Sultan Kamidil Ngalam  
pirang pirang turunan gama Ibrahim  
nagari Jamintoran.

4. Mila Prabu Gulange nangisi  
marang sri bupati Jamintoran  
dening mangke panunggile  
ing agama pinunjul  
nguni datan purun deniring  
mangke pareng panunggal  
mila langkung ngungun  
Sri Prabu Gulangge Ngrokam  
lamun dereng wektunira amarengi.  
ing reh nistha lan arja.
5. Langkung suka piresep tan sipi  
nenggih sultan agung Jamintoran  
datan ngesorken anggane  
samya ngular leluhur  
sami saking Nabi Ibrahim  
Sultan Kamidil Ngalam  
tedhak ping sepuluh  
sri bupati Jamintoran  
ping sawelas tedhak saking Nabi Brahim  
dadya nem tetepira.
6. Sewu suka denira pepanggih  
wadyanira wus sinungan prenah  
Arya Maktal pakuwone  
sepalih palihipun  
Adipati ing Guritwesi  
bala ing Jamintoran  
pan kalih nggenipun  
narpatine neng ngajengan  
tan apisah lan Nata Surayengbumi  
lajeng denya bojana.
7. Para ratu Jamintoran sami  
ingandikan lan satriyanira  
ratu pangarsa kang ndherek  
ingkang binekta amung  
kawan atus sawidak kalih  
sepalih kang tinilar  
tengga praja pungkur

para ratu Jamintoran  
wus anunggil sajroning bojana sami  
lan para ratu Ngarab.

8. Pan sadalu kawuwusa enjing  
bala sawega apan samekta  
gumuruh duk ing budhale  
kerig kang ratu ratu  
apan arsa ambubrah langit  
sagung wadyaning wadya  
tan ana kang kantun  
Sapardan sakancanira  
wong ing Jaminambar wus kathah sumiwi  
marang Patih Sapardan.

9. Pirang yuta kang amethuk sami  
njawi kitha lan Patih Sapardan  
sareng manjing jro kithane  
sultan Kuparman wau  
akekanthen asta lan rayi  
sultan ing Jamintoran  
miwah para ratu  
prapteng jro kitha sadaya  
kang pra ratu binekta minggah mring langit  
ningali mamariksa.

10. Saubenge saisine langit  
miwah suwarga lawan naraka  
wulan lintang lan srengenge  
samya eram andulu  
ing pratingkah sasoring langit  
kang kadya Saesalam  
ing panggawenipun  
lan prakosa saha wignya  
panggawene tan ana bisa neladi  
myang sugih tana madha.

11. Langit wesi kang ngisor pribadi  
nulya nginggile langit tembaga  
perunggu sari nginggile

anulya nginggilipun  
punang langit salaka putih  
nulya langit suwasa  
langit mas ing luhur  
ing bale ngaras nggenira  
ing banjenge apan paswarga linuwih  
let pager mas tinrencang.

12. Pepethetan natar swarga rukmi  
tirisan mas sadedeg luhurnya  
gelugune balarake  
tapas lan mancungipun  
pan sadaya kelapa sawit  
bluluk cengkir degan mas  
kendho kiringipun  
dhomas kang tirisan emas  
pucang dhomas sajroning tirisan pirid  
peparah pinarapat.

13. Anyadedeg ingkang pucang sami  
godhong emas upih mayang emas  
emas sadaya jambene  
parik ing ngarsanipun  
dhomas malih kurma mas adi  
tepung manggis pijetan pan sami mas luru  
jeruk emas lan jambu mas  
kenari mas cemara mas iwen sami  
mesa mas unta emas.

14. Bantheng menjangan kidang mas sami  
senuk kului bihal jawi mas  
blegdaba mas lan memrenge  
banyak sata mas luru  
mung manuke sunggingan sami  
rinajawredi endah  
nut ing ulesipun  
sawarnine memanukan  
pepak sangkep ana ing taru mas adi  
aglar nataring swarga.

15. Sinebaran pakaja widuri  
mirah nila lan retna cempaka  
pakaja ijo lan jene  
tuwin yakut jumerut  
kang malige ageng pesagi  
emas kori marapat  
kanan keringipun  
nateng atus kang wisma mas  
pan sabilik bilik nggyaning widadari  
putriraja minangka.

16. Kang rumeksa malekat kebiri  
patang atus iku tunggonira  
ing suwarga rereksane  
pinggiran dhung kumendhung  
gedhang emas pindha gumadhung  
debog mas pupusira  
sutrajo winiru  
lan cindhhejo tuwin abang  
kelarase tabur tabur lan majethi  
kakalen botrawi mas.

17. Angubengi kaswargan tulya sri  
toya awening pating galebyur  
dene got amaju pate  
ingkang mawi soripun  
yen wis anjog ing langit wesi  
ingkang mawi kerakab  
langit ngisor iku  
kadya irig arang arang  
tinarancang yen karya udan anuli  
karakabe binuka.

18. Pambukane apan puter giling  
kang minangka mega kukusira  
sor suwarga narakane  
gedhong wesi barukut  
ingisenan areng kusambi  
lamun ubuhan ngandhap  
ratu pitung puluh

mati kang sabarang karya  
angamungken majegi areng kusambi  
angiseni neraka.

19. Ratu salawe mati ngububi  
pagiliran mung sakancanira  
yen wus abang dhedhasare  
wesi landhasaripun  
sami kendel denya ngububi  
yen wus nggepok tutupnya  
mongah mongah iku  
dedosan pating karencang  
sinendhekaken winetara dosaneki  
cinemplung dosa kisas.

20. Nora kongsi seprapat jam malih  
pan dadya reng lamun satengah jam  
dadi awu bebalunge  
samya eram kang ndulu  
duk Wong Agung samya lumaris  
aningali neraka  
puter gilingipun  
binuka tutup neraka  
geni mubal eram denira ningali  
Sultan Kamidil Ngalam.

21. Para ratu sadayebat sami  
gya Wong Agung wangsul mring kaswargan  
kendel ing Bale Malige  
ing tundha mas manguntur  
kinen nacah kang widadari  
marang Patih Sapardan  
kang pangajengipun  
kang sami putrining raja  
patang samas kawan ewu kang pawingking  
rong leksa wuri pisan.

22. Winedalaken sagung widadari  
kinen nitik para ratu ingkang  
limang atus tri dasane

manawa na punika  
widadari putrine sami  
ratu kang dhingin Islam  
ratu limang atus  
lan punjule tigang dasa  
yen putrine ana manjing widadari  
pinaringken samya.

23. Samya suka panca tus para ji  
Patih Sapardan ngaturaken surat  
cacah para ratu kabeh  
ingkang sampun anungkul  
kalih leksa kang sampun prapti  
Wong Agung lon ngendika  
kabeh para ratu  
iya padha sadatena  
widadari sadaya binekta mijil  
tangis umyung gumerah.

24. Mung kang limang atus tri daseki  
pinaringken mring sudarmanira  
Patih Sapardan segahe  
anggili inggahipun  
wus tinata ing langit rukmi  
Sultan Kamidil Ngalam  
pan maksih ndedulu  
lawan sagung para nata  
atingali ing surya kalawan sasi  
thathit lintang lan kilat.

25. Belabagan inten ingkang kinardi  
sinarawedi kinantha tanggal  
sapisan kaping kalihe  
ping tri kaping patipun  
saturute pinatar putih  
kadya siliring bawang  
kinathok jronipun  
ingisenan emas tuwa  
ingancuran dadya here sorot kuning  
kadya gebyaring wulan.

26. Werni tigang dasa mas kinardi  
linapisan inten miyar miyar  
incer kang mangka lakune  
puter giling lumaku  
ingalingan sutra tan keksi  
kadya simbaring mega  
puter tan kadulu  
sadaya dede istidrat  
amung akal suryane ingkang kinardi  
inten pinindha dhulang.

27. Kinipungan ubenge pepinggih  
binolongan kadya tinarancang  
den kras kalingan lakune  
ginoyang lampahipun  
gung sinendhal sendhal tinarik  
here agebyar gebyar  
sorote sumawur  
lintang inten sinundukan  
inten siji yen alit kaprah kang manjing  
intene salawe prah.

28. Ageng lintang dhompol satus sami  
ginantungan ing langit sadaya  
tambah cacahe intene  
tuhu sugih pinunjul  
soring wiyat tan ana tandhing  
liya Nabi Suleman  
ing jaman rumuhun  
bisa lamun angarsakna  
sawurine tan ana bisa nglakoni  
kang kadya Saesalam.

29. Kang kinarya kilat lawan thathit  
iya inten bolong tinarancang  
amung kekalih incere  
sinendhal ngalor ngidul  
pepalayon sorote sami  
mila kathah kang wadya  
aneng langit luhur

winastana malaekat  
pakaryane binebahan siki siki  
ana wong pitung leksa.

30. Cinarita rong dina rong wengi  
mubeng mubeng sagung para raja  
neningali ing langite  
ya ta wau Wong Agung  
ing kaswargan kendele sami  
jroning langit kencana  
bale ngarasipun  
ingkang asesaka dhomas  
emas denlis pinatik asesotya di  
herlaut lan herkembang.

31. Mirah pakaja nila widuri  
sagung retna retna kang mulyendah  
mbane ji sasaka kabeh  
milanipun ing dalu  
tanpa dilah padhang nelahi  
apan datan karuhan  
rina wenginipun  
padhange ing bale ngaras  
wawatone bale bineji retrnadi  
inten angroning kamal.

## 44. WONG AGUNG TINDAK DHATENG JAMINTORAN

### SINOM

1. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
bojana lan para aji  
munggeng ing langit kencana  
ing bale ngaras rinukmi  
suka sagung para ji  
tan ana ingkang winuwus  
mung ebah pangungunnya  
durung tumon para aji  
ingkang kadya pakartine Saesalam.

2. Nemu pati siya siya  
donyane datanpa kardi  
Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
pangandikanira aris  
heh Sapardan sireki  
ingkang jumenenga ratu  
ing nagri Jaminambar  
Sapardan tur sembah nangis  
aduhu gusti byat awrat ing sih paduka.

3. Owel prayogi Jeng Tuwan  
kang madega narapati  
nagri ageng tanpa sama  
jajahane kalih warsi  
para ratu sakethi  
tigang leksa kang sumuyud  
Sultan Kamidil Ngalam  
mesem angandika aris  
sira bae ing kene madega raja.

4. Wotsari Patih Sapardan  
yen tan ngarsakaken Jeng Gusti  
mung inggih putra paduka  
Jeng Gusti ing Parangakik  
jumeneng ing ngriki  
kawula embanipun  
pekip lir hyang hyang jagad  
ngentaraken langening bumi  
kang sumerep miadeg nateng Jaminambar.

5. Lir Hyang Kumareng Buwana  
sinembah ratu sakethi  
mandah suyude kang wadya  
wong Jaminambar sih bekti  
darbe ratu raseksi  
semanten sih suyudipun  
Sultan Kamidil Ngalam  
pangandikanira aris  
nora kena Jayusman Samsumarijal.

6. Prajane kang wus batuwah  
cangkoke ing Parangakik  
ibune mangsa aweha  
santanane kang para ji  
kabeh mesthi nggondheli  
tan kena sambat sireku  
matur Patih Sapardan  
ing karsa paduka gusti  
yen makaten leheng inggih pinarapat.

7. Sutane Patih Duljalal  
jalu prapta angabekti  
kaatura ing paduka  
pun Makrub inggih sesiwi  
pun maklub atmajeki  
jalu prapta sampun nungkul  
anut agama tuwan  
labet ing reh nguni uni  
tetilare para makarab sakawan.

8. Jabrail Patih Duljalal  
Abu Burhan sutaneki  
Maklub sutane Tasliman  
Maklub sutanipun pekik  
Risngalam kang wewangi  
alon ngendika Wong Agung  
gawanen ngarsaniningwang  
ingawe katiga prapti  
suka miyat Jeng Sultan Kamidil Ngalam.

9. Dhapure sami prayoga  
umadeg sri narapati  
Wong Agung alon ngendika  
lah iya ingsun turuti  
sapanjalukireki  
sun adekken kabeh iku  
sira dadiya tuwa  
pandume kang para aji  
sira meta rong ewu kacek narendra.

10. Lan wolung atus miliha  
praja gedhe gedhe sami  
sampun pinacek ngestrenan  
dening sagunging narpati  
tinarik tunggal linggih  
lan para ratu gung agung  
Raja Sapardan tuwa  
angreh kang narendra katri  
Raja Abuburham lan Raja Ris Ngalam.

11. Katrine Raja Tasliman  
pinarapat kang nagari  
mangkana apaparentah  
yen badhe ambubrah langit  
iya sadina mbenjing  
wiwita pambubrahipun  
pinatah ing parentah  
skepe bupati mantri  
sajagule pinaringan langit emas.

12. Gamel serat sadaya  
sikep denparangi sami  
sikepe kang para nata  
sikepe bupati mantri  
sikeping pra prajurit  
langit mas paringanipun  
umangsah kang njearah  
gumuruh swaraning janmi  
abubuhan pangungsunging raja brana.

13. Wong Agung sampun tumedhak  
kang njarah raja brana ji  
kinumpulaken punika  
ingkang sayoga di adi  
myang sagung widadari  
ya ta wit langit binrubuh  
wong bumi Jaminambar  
cucuk dhangdange sakethi  
pitung kethi malih ngagem palu gethak.

14. Pitung kethi malih kampak  
wadung gandhen pitung kethi  
tiniru dening wong Ngarab  
gegaman ambubrah langit  
gemuruh tanpa siring  
garagara gentur ketug  
swara reh mabarungan  
panandho gamel serati  
sakathahe sikep pepikul wong Ngarab.

15. Bageyan langit kencana  
langite salaka putih  
sakeh kang petinggi desa  
punika kang denbubuhi  
dadya sikeping mantri  
yen langit mas darbekipun  
petinggi pan mangkana  
singa kang duwe petinggi  
iya apan binagi langit salaka.

16. Dene kang langit suwasa  
patayar kang den bubuhi  
singa kang duwe patayar  
langit suwasa ndarbeni  
gora kagiri giri  
tanpa parungyan rinungu  
cinatur tigang candra  
lamine ambubrah langit  
maksih kathah tunggakan dereng sampurna.

17. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
jarahan sampaun binagi  
kadi ngadat kalampahan  
tuwin boyongan pawestri  
sadaya wus binagi  
warata kang para ratu  
sultan ing Jamintoran  
pinundhutan kang para ji  
kang tinuduh ri: miyin mring Jamintoran.

18. Sareng para ratu Kelan  
pangirid Rajeng Sambaji  
mbekta jarana boyongan  
ratu Jamintoran neggih  
kang tinuduh ndhingini  
Sipul Ngalam kanthinipun  
para ratu sadasa  
budhal lan Raja Sambaji  
bala Kelan wonten kawan welas yuta.

19. Kang kantun neng Jaminambar  
Wong Agung ngrata agami  
lawan mbebasaken samya  
denira ambubrah langit  
kaliyan ingkang rayi  
Jamintoran Sultan Agung  
sira prabu Sapardan  
Tasliman Abu Burhami  
sekawane sang Maha Prabu Risngalam.

20. Kang mangka ratu wadana  
sekawan angreh para ji  
Sapardan wadana ngarsa  
sadaya wus samya prapti  
ratu ingkang sakethi  
kalih leksa prapta nungkul  
sugata dina dina  
mentah mateng prapta nggili  
langkung suyud mring Sultan Kamidil Ngalam.

21. Denira akarya kutha  
ratu kang papat anunggil  
aneng praja Jaminambar  
badhene kang denkuthani  
sakidul kitha lami  
mangkana kang para ratu  
kang kareh Jaminambar  
kandel agamane sami  
wus mangkana Jeng Sultan Kamidil Ngalam.

22. Pamit mring Raja Sapardan  
sun arsa budhal tumuli  
maring nagri Jamintoran  
ginawa mring yayi aji  
Sapardan awotsari  
pukulun amba anuhun  
andherek ing paduka  
akedah amba ngabekti  
ing padane Jeng Gusti Pangeran Kelan.

23. Sepalih kawula bekta  
sepalih tengga nagari  
para ratu Jaminambar  
satriya kang pra dipati  
amba bekta sepalih  
alon ngendika Wong Agung  
yen ana kajatira  
ingsun tan bisa malangi  
dyan ngendika Sultan Agung Jamintoran.

24. Heh yayi Prabu Sapardan  
ya bener kajatireki  
ngiras wrin ing prajaningwang  
Raja Sapardan wotsari  
nuwun sapangat inggih  
raka paduka pukulun  
lawan sapangat tuwan  
saksana ngandhangi dasih  
budhal enjang saking kitha Jaminambar.

25. Kađya samodra mbalabar  
wutah ngalabi wanadri  
sri bagendha Jamintoran  
lampahe samargi margi  
datan pisah saesthi  
abayak turangganipun  
Sultan Kamidil Ngalam  
lan ari sri narapati  
Sadar Ngalam sri bagendha Jamintoran.

26. Wau kang ngriyini lampah  
Sipul Ngalam lan Sambaji  
ngirid para ratu Kelan  
lan boyongan para putri  
kang kawan atus sami  
parekane kalih ewu  
tawan ing Jaminambar  
miwah wastra barana di  
kang binekta rumiyin mangka sasrahan.

27. Prapta paminggir jajahan  
Sipul Ngalam andhingini  
umatur ing narpatmaja  
tundhuk umatur wotsari  
pukulun tur udani  
Jaminambar bedhahipun  
dening rama paduka  
ratu kang ngaken Hyang Widi  
sampun pejah aneng asmaradilaga.

28. Mila kalih rama tuwan  
anunten kondur mariki  
saweg angaradin agama  
lawan arsa mbubrah langit  
kang tinedah ngriyini  
pun uwa Kudarya prabu  
kang para ratu Kelan  
kerid sang Raja Sambaji  
duk miyarsa Pangeran Jaswadiputra.

29. Gepah amethuk ing uwa  
nak sanake ibuneki  
ingkang mangka kamituwa  
para ratu Kaelani  
wau Raja Sambaji  
sakancane para ratu  
prapta njawining kitha  
Sipul Ngalam ndherek wuri  
raja putra ginarebeg pra dipatya.

30. Wus panggih njawining kitha  
tundhuk ing uwa ngabekti  
rinangkul tur tinangisan  
mring uwa Raja Sambaji  
kerid pareng manjing  
jro kitha sabalanipun  
oreg wong Jamintoran  
praptane Raja Sambaji  
panarkane Jeng Sultan Kamidil Ngalam.

31. Wus tetela ing pawarta  
yen pra ratu ing Kelani  
balane sang sang raja putra  
cangkok asline buneki  
nagari Kaelani  
kang kawengku narpasunu  
kang para ratu dhomas  
wong Kelan sentana sami  
pra ratune pra dipati satriyanya.

32. Sadaya sami sentana  
mangkana praptanireki  
wau para ratu Kelan  
boyongan wastra brana di  
kabeh manjing jro puri  
dene ta kang para ratu  
makuwon tan atebah  
kanan kering panganiti  
sinarudhah sinungga sinuba suba.

33. Wong Jamintoran wus lama  
samekta rengganing kardi  
kuneng malih winursita  
ingkang lelampah neng margi  
Jaminambar kawingking  
sampun angancik wana gung  
prapta unggyan muwara  
ingkang ingubengan beji  
keramate ing nguni Sultan Iskandar.

34. Ya ingkang sitine pethak  
labete kang dennadari  
dening putri Jamintoran  
Retna Julusul Asikin  
tan pisah denya guling  
Jamintoran Sultan Agung  
kalawan ingkang raka  
Sultan Kamidil Ngalam  
ngalap barkah keramat Sultan Iskandar.

35. Angrandhataken ing lampah  
kendel saben menara di  
sami aminum asiram  
sawadya para narpati  
tuwin wadya gung alit  
ingundhangan sangu banyu  
beji Sultan Iskandar  
pan ratu ratu sabumi  
kang ndarbeni derajat pindha asmara.

## **45. PANGERAN KELAN DHAUP LAN DEWI SULASIKIN**

### **ASMARADANA**

1. Wus laju lampahireki  
sah saking beji menara  
angetan ragi angaler  
alami denya lelampah  
kang wana wana bebas  
padhang kambah ing wadyagung  
tan wruh sakirna sawarna.
2. Mangkana praptanireki  
ing telatah Jamintoran  
kadyasuwak brak prajane  
kambah gunge wadya Rab  
dadya ing Jamintoran  
kang ngriyini lir sesulung  
kadya girindra awendran.
3. Oreg ing praja menuhi  
praptane bala nata Rab  
wus sawulan antarane  
andina ratu kang prapta  
seket seket sedina  
tanpa petungan wadya gung  
kontrag sagunging talatah.
4. Desa desa ingkang prapti  
pegunungan pengalasan  
akeh prapta lanang wadon  
kang arsa mulat wong Arab  
jejel sajroning kitha  
myang njawi kitha supenuh  
kadya wutahing samodra.

5. Mangkana Wong Agung prapti  
manjing kitha saha bala  
maksih asareh lampaque  
lan kang rayi Jamintoran  
keles wadya neningal  
lampahe lajeng ngadhatun  
Jeng Sultan Kamidil Ngalam.

6. Kang putra methuk wus panggih  
tundhuk rinangkul ing rama  
adhuh woding nalaningong  
kang mangka lajering driya  
lajeng malebeng pura  
ingaturan angadhatun  
kang raka sang Kakungingrat.

7. Amakuwon ing sitinggil  
maha prabu Jamintoran  
kalawan prameswarine  
kadhaton katur ing raka  
Sultan Kamidil Ngalam  
sagung narendra gung agung  
makuwon wismeng bupatya.

8. Sagung kang ratu pamingking  
makuwon njawining kitha  
lir wanarga gora tinon  
mangkana kang aneng pura  
langkung sinungga sungga  
ngengjang sore marakipun  
sarimbit Sri Sadar Salam.

9. Enjange bojana sami  
sakathahe para nata  
ingandikan mring kedhaton  
rame bojana jro pura  
Sultan Kamidil Ngalam  
amanuhken para ratu  
Jaminambar Jamintoran.

10. Sadaya sih memangun sih  
para ratu Jaminambar  
lulut linulut sakabeh  
marang ratu Jamintoran  
mantun taha tinaha  
mangkana ing cendhakipun  
raja putra wus aningkah.

11. Datan winuwus ing kawi  
rerengganing mawikrama  
wiwaha mangun karamen  
suka sukané kalintang  
sagung kang para nata  
tuwin Jamintoran prabu  
ngenting suka parisuka.

12. Sang putri saprameswari  
sasentana Jamintoran  
lamine among karamen  
Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
neng nagri Jamintoran  
pitung wulan laminipun  
putra putri mong asmara.

13. Anutug sukaning galih  
genging raras karasikan  
sawiji dina sang katong  
sri bupati Jamintoran  
pinarak lan kang raka  
yayi arsa mulih ingsun  
mring Kuparman lilanira.

14. Lan putranta yai aji  
ingsun gawa mring Kuparman  
yayi aja walang atos  
ndheku nateng Jamintoran  
sukur alhamdulilah  
boen angraos sesunu  
ing siyang dalu sumangga.

15. Ngundhangi wadya para ji  
sanengga samekta budhal  
gumer gumuruh punang wong  
kadya rebah sumarambah  
sol arga satus sasra  
gora gragrah gumaregut  
gurnita tanpa parungyan.

16. Bathara anyakrawati  
Sadar Ngalam Jamintoran  
ngater lan prameswarine  
nedyia wangsul nagri Ngrokam  
lelakon kalih candra  
wus sah saking kuthanipun  
ing prajadi Jamintoran.

17. Ing marga datan winarni  
lampahe kang bala kuswa  
wus kalih wulan lamine  
ngancik telatah ing Rokam  
kang pra dipati Ngrokam  
sadaya kinen rumuhun  
rakit rengganing nagara.

18. Pan kadya amangun malih  
mawi wiwahaning krama  
ambayang kare tegese  
sang Prabu Gulangge Ngrokam  
ing batin amutrangkat  
pra dipati kang rumuhun  
lajeng paprentah mematah.

19. Sauparengganing kardi  
asri busananing praja  
angenting ing pakaryane  
rawuh sagung para nata  
Sultan Kamidil Ngalam  
sabala kuswa wus rawuh  
angedhaton ironing pura.

20. Cinatur ramening kardi  
luwih duk Pajamintoran  
sang narpaputra panggihe  
ginandhok pangananira  
sang prabu Jamintoran  
makuwon ing siti luhur  
dene sang prabu ing Ngrokam.
21. Makuwon aneng pangapit  
para ratu wus atata  
wismeng pra dipati kabeh  
miwah sultan Jaminambar  
Sapardan sinung prenah  
pikantuk sawadyanipun  
sadina dina bojana.
22. Asuka suka angenting  
tuwin sultan Jamintoran  
lawan sagung sentanane  
pan nutug sukaning driya  
miwah sagarwa putra  
aneng Ngrokam sang aprabu  
sampung jangkep tigang wulan.
23. Wus pamit sri narpati  
sultan agung Jamintoran  
arerangkulon angkate  
lan Sultan Kamidil Ngalam  
miwah dhateng kang putra  
tuwin sagung para ratu  
wus samya alal bahalal.
24. Angater Gulangge Aji  
nenggih angsal lelampaahan  
sedasa dina lampaque  
mangkana kendel sri Ngrokam  
Wong Agung saha bala  
'meh supe pakaryanipun  
denira angguladrawa.

## 46. WONG AGUNG NGLURUG DHATENG MUKABUMI DHANDHANGGULA

1. Eca kaecan reracan ngelmi  
lawan Prabu Gulangge Ngrokam  
hijrah sejarah lakune  
ing babare Jeng Rasul  
kang minangka niyakeng bumi  
jroning kitab Sirulbak  
kang anggung winuwus  
yen Sultan Kamidil Ngalam  
tan menigi neng praja sawadya sami  
maksih neng palurugan.
2. Kuneng wonten drewis lagya prapti  
nenggih aneng nagri Banu Ngajam  
mider saparan parane  
alelana anglangut  
praptehng nagri Ngrokam Ki Drewis  
Sultan Kamidil Ngalam  
amiyarsa muwus  
lamun ana Drewis prapta  
saking Ngajam sigra kinen animbali  
prapteng jro pura Ngrokam.
3. Rajeng Ngrokam kang kinen nakeni  
punang Drewis kinen cecarita  
denira Prabu Gulangge  
heh pawong sanakingsun  
sidhekaha kabar kang yakin  
mungguhing tanah Ngarab  
ing Mekah puniku  
ing mangke saweg punapa  
ya ta manthuk alon sumaur Ki Drewis  
inguni lagya amba.

4. Prapteng Mekah amba andedrewis  
inggih sampun bubar Kabibullah  
niyakeng rat saestune  
nanging dereng ginugu  
mring wong ahli Mekah geng alit  
tuwin kang para paman  
ing mangke yangipun  
adipati Mekah seda  
arsa atur uninga kang andon jurit  
Sultan Kamidil Ngalam.

5. Arya Betaljemur kang mambengi  
dadya sande ingkang para putra  
datan lumampah dutane  
lingira Betaljemur  
ing Kuporman ing mangke sepi  
nadyan sira susula  
sanggone katemu  
nging Sultan Kamidil Ngalam  
lagya sinung pakaryan dera Hyang Widi  
ngrusak ing Jaminambar.

6. Lajeng kinen ngrisak Mukabumi  
wates langit kulon kang rinurah  
numpes paneluhan kabeh  
pan prelu lampahipun  
anglakoni pakon Hyang Widi  
makaten amba myarsa  
Gulangge lingnya rum  
Arya Betaljemur ana  
nagri Mekah pun Drewis umatur inggih  
mila prapta ing Mekah.

7. Raja Hirman mangkyा murtad malih  
Betaljemur apan sinikara  
cinukil kalih netrane  
dening sang Hirman prabu  
dadya wuta netrane kalih  
sang adipati Mekah  
amiyarsa gupuh

pinondhongan dhateng Mekah  
ndherék momong timure andika Nabi  
netrane ingusapan.

8. Dening tungkakira Kangjeng Nabi  
soca medal netranya waluya  
mulya lir wingi unine  
Ki Aryabetaljemur  
pan meningi sawelas sasi  
amomong Rasullullah  
nunten sedanipun  
pan inggih anunggil warsa  
lan sedane Ki Arya Ngabdul Muntalib  
sami sinare Mekah.

9. Mangkyā Kangjeng Niyakaning Bumi  
tansah awawan marang kang paman  
Raden Aris Bulahabe  
Bujalal rowangipun  
angajani kabeh kang mungkir  
tan ana kang nandhangga  
kang anut Jeng Rasul  
Rahaden Aris Bu Lahab  
wong kang anut sadaya denjemalani  
dadya keh sesilinan.

10. Malah rame aprang silih jodhi  
Kangjeng Rasul lan Raden Bu Lahab  
mung Kangjeng Nabi kanthine  
mung rare patang puluh  
tan wruh atut tan wrin prang malih  
sami rebut agama  
kala sedanipun  
Abu Talip ingkang paman  
pananjake Bu Lahab angadhep sami  
lawan Jeng Niyakeng Rat.

11. Andhikirken lawan Kangjeng Nabi  
miwah kang paman Raden Bu Lahab  
sarya sru ing pametike

adhi aja anggugu  
si Mukamad pan iku sikir  
bocah kudu kumethak  
angaku rinusul  
aniwasi ironing pejah  
kang ananjak kapiran Ki abu Talib  
tambah kang denanggeya.

12. Ingkang raka Bu Lahab ngadhangi  
adhi aja nganggo ngelmu anyar  
ngelmanira lawas bae  
poma adhi denemut  
anakira pan tukang sikir  
tiwas sira ngguguwa  
Jeng Nabi lingnyarum  
paman Bu Talib nebuta  
sampun maksih ngangge agama kang lami  
dene sikir manira.

13. Paman Abu Lahab ta puniku  
ngelmu wangkot tan amyarsa kojah  
sarengat urut urute  
Bu Lahab asru muwus  
aja adhi anggugu sikir  
kapiran ingkang pejah  
Bu Talib puniku  
tambah tibaai ing Islam  
tambuk kapir rebuten para musanip  
tibane kapir Islam.

14. Marma ana angarani kapir  
dene rosane Raden Bu Lahab  
jelih jelih pametike  
Jeng Nabi lingnya arum  
lajeng seda Raden Bu Talib  
marma ngarani Islam  
ingkang para jamhur  
ngitik itik Rasullullah  
ing putrane dhewe sihira kinari  
ing sihe keponakan.

15. Kongsi ngumur salawe Jeng Nabi  
kinawinken lan Dewi Katijah  
Abu Talib langkung sihe  
ngugunge mring Jeng Rasul  
milawani para musanip  
ingaranana Islam  
nenggih Kangjeng Rasul  
mangsa tegaa mring paman  
akeh paman mung iku sih ngitik itik  
mring Sang Niyakaning Rat.

16. Duk miyarsa waspanya dres mijil  
wau Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
umatur Prabu Gulangge  
dhateng pundi pukulun  
renteng tuwan aris nauri  
marang kalihe awlas  
kakang kalihipun  
Abu Talip Abu Lahab  
kurang kojah prakosa kudu ngukuhi  
mring agamane lawas.

17. Sami ngungun kang pra narpati  
amiyarsa drewis tuturira  
sinelan sakedhap leren  
Prabu Gulangge muwus  
tutugena lah kaki drewis  
sira kang sinung begja  
wus mulat Jeng Rasul  
iya pira pira rahmat  
wruh ing dhapur pasarirane Jeng Nabi  
drewis lon aturira.

18. Datan keni pinardi ing budi  
suwarane sang Nayakaning Rat  
ngasorken lintang sotyane  
dene wadannipun  
angasorken ujwaleng sasi.  
awilis ingkang rema  
prasasat jumerut

kadi tapak wewayangan  
driji papak ngenguwung ambalerengi  
sasranduning sarira.

19. Duk ing nguni kesah pitung ari  
gaib maras kang para sakabat  
miwah para paman kaben  
anulya praptanipun  
pakumpulan wong Mekah sami  
Raden Aris Bu Lahab  
panggenane ngumpul  
Jeng Rasul prapta denundang  
mring kang paman para sakabat angiring  
prapténg wisma Bu Lahab.

20. Sawusira sami tata linggih  
aneng wismane Raden Bu Lahab  
pepak kabeh sentanane  
myang wadya wadyanipun  
Abu Lahab tetanya aris  
sira tan katingalan  
tanpa rewang iku  
iya duk ing kesahira  
Kang Rasul nauri sabda amanis  
ekak tan kidib sabda.

21. Kula paman ngandikan mring langit  
kinen miyat isine sadaya  
inggih langit kapine  
Bu Jahal duk angrungu  
tebah jaja sarwi anjelih  
lah ngendi ana uga  
mangkono saumur  
ngaku ngandikan Hyang Suksma  
goroh gedhe ratuning goroh sabumi  
apa sun tambakena.

22. Dene salah pangucap sireki  
ingsun wajib kang anambakena  
Jeng Rasul malih saure

boten paman satuhu  
pan kawula saking ing nglangit  
Bu Lahab paparentah  
marang ing wadyagung  
heh payo padha suraka  
surakira muni goroh goroh sami  
gumuruh swaranira.

23. Wanti wanti goroh surakneki  
wonten sakabat juga Bu Bakar  
anjelih sora swarane  
pan sidik Kangjeng Rasul  
sawartane pan nora kidib  
kancane tumut surak  
sidik surakipun  
